ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ЖОҚАРЫ ҲӘМ ОРТА АРНАЎЛЫ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИ

Бердақ атындағы Қарақалпақ Мәмлекетлик Университети

Жумамуратова Малика Тилеубергеновна

Оразымбетова Злиха Қыдырбаевна

# Ашық хабар системаларында информациялық-психология қәўипсизлиги

методикалық қолланба

Ташкент-2009

**Жумамуратова Малика**-филология илимлери кандидаты, доцент.

**Оразымбетова Злиха**-филология илимлери кандидаты.

# Ашық хабар системаларында информациялық-психология қәўипсизлиги

XXI әсир тарийхқа «Информация әсири, информация-технологиялары әсири»- деп киритилмекте. Себеби, бүгинги күнде «информация»ның мәниси де, көлеми де кеңейип бармақта. Информациясыз жәмийетти де, билим тараўларын да раўажландырыў мүмкин емес. Лекин, информацияласыў глобальласқан сайын оның ҳәр қыйлы: унамлы ҳәм унамсыз тәсирлери пайда болмақта. Қолыңыздағы методикалық қолланбада «информацияласыў» процесси пайда ететуғын жетискенликлер менен машқалалар теориялық ҳәм әмелий тийкарда сөз етиледи.

Бул методикалық қолланба жоқары оқыў орны гуманитар факультетлериниң студентлери, тәлим тараўының ҳәм ғалаба хабар қураллары хызметкерлери ушын арналған. Методикалық қолланбаны жазыўда Өзбекстан Республикасы «Истеъдод» фондының усы пәнге тийисли материалларынан пайдаланылды.

Жуўаплы редактор**:** **Сейтимбетов М**.-тарийх илимлери кандидаты, доцент.

Пикир билдириўшилер: **Оразымбетов Қ**.- филология илимлери докторы.
**Реймов К.** - Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси Баспасөз Комитети баслығы, журналист

Техникалық редактор: Есемуратов А. Е.

Редактор: Исмоилова Д.

Корректор: Яхшибоева О.

С.2009. Т.: «Илмий-услубий маркази»

Рухсатнома № 003. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамаси

# КИРИСИЎ
# Информация ҳәм информациялық-психология қәўипсизлиги түсиниги

Бүгинги күнде “Информация” түсиниги жүдә кең ҳәм ҳәр тәреплемели сыпатларына ийе. Ол қатнаспайтуғын, ол ҳаққында айтылмайтуғын билим тараўын табыўдың өзи мүмкин емес. Жүдә үлкен көлемде информациялар майданы, бүгинги күнде ҳақыйқаттан да адамларды беккем орап алған десек болады. XXI әсир информацияның теориялық ҳәм әмелий әҳмийетин ҳәзирги күнниң көз-қарасынан алып қарағанда ең бийик шоққыға көтерди. Соның ушын да XXI әсирди информация әсири, информациялық-технологиялар әсири деп атамақта.

Хош, информация дегенниң өзи не?

**Информация** (латынша «informatio»-түсиндириў, баян етиў мәнисинен келип шыққан) заманагөй илим ҳәм сиясаттың тийкарғы түсиниклеринен бири: дәслеп адамлар тәрепинен аўызеки, кейинирек жазба ямаса басқаша түрлеринде жеткизилген мағлыўмат.

**Информация**-шахс, факт, предмет, ўақыя-ҳәдийсе ҳәм процесслер ҳаққындағы мағлыўматлар. Хызметлери бойынша **информация**-бул жәмийетлик зәрүрлик. Ол адамыйлық қызығыўшылықты күшейтеди. Инсанды жәмийетлик турмысқа тартады, көз-карасларын жетилистиреди, кеңейтеди ҳәм раўажландырады, оның жәмийетте өз-орнын табыўына жәрдем етеди.

**Информация-**жәмийетлик-социаллық қубылыс. Ол жеке адамларға, топарларға, жәмийетлик шөлкемлерге хызмет етеди. Бүгинги күнде сиясий қубылыс түсине де енбекте.

Бизге белгили болғанындай-ақ, информация ҳәр түрли ҳәм ҳәр қыйлы көринисте болыўы мүмкин: мысалы, тарқатылғын мағлыўматлар,

компъютерде сақланған хабарлар, “бояўлар”, «көширмелер», хат яки естелик жазыўлары, архивлер, формулалар, схемалар, диаграммалар, түп нусқалар, диссертациялар, суд ислери ҳәм т.б.

Басқа өнимлерге усап информация да өз пайдаланыўшыларына, қарыйдарларына ийе. Соның ушын да ҳәр бир информацияның белгили «клиентлер»и болады. Информация, оны ислеп шығыўшылар, яғный оны тарқатыўшылар ҳәм қабыл қылыўшылар талапларына жууап беретуғындай қәсийетлерге ийе болыўы керек. Клиентлер көз-қарасына бола, пайдаланып атырған информацияның көлеми ҳәм сыпаты қосымша материаллық ҳәм моральлық нәтийже бериўи керек. Тарқатыўшылар, яғный информация узатыўшылар пикирине бола, зәрүр бизнес сырының сақланыўы, ислеп шығарыў базарында товарларды сатыў ҳәм хызмет көрсетиўде, табыслы түрде конкуренцияласыўға имканият бериўи керек - деп есаплайды. Бул тәбийий ҳалат, сыр сақланыўы керек болған информацияны қорғаўға тәсир көрсетиўди талап етеди.

Жәҳән тәжирийбесинен белгили болғанындай-ақ, мәмлекет информация инфраструктурасының раўажланыўы жәмийет ҳәм мәмлекеттиң барлық тараўларын, соның ишинде, адамлардың көз-карасларын ҳәм олардың мийнет етиў, жәмийетлик-социаллық ҳәм сиясий турмысқа қатнас жағдайларын өзгертип, жәмийетлик раўажланыўды жеделлестиреди. Бүгинги күнде ҳәр қыйлы информация технологиялары, автоматластырылған системалар ҳәм мағлыўматлар базасы, мәмлекетлик структуралардың, экономиканың ҳәм мәмлекетлик басқарыўдың ажыралмас бөлеги болып қалды.

Бүгинги күнде халық-аралық майданда экономика ҳәм информация потенциалының орны ҳәм оған болған талап артып бармақта.

Пуқаралық ҳуқық нызамшылығымызда басқа да объектлер сыяқлы информация түсиниги де қабыл қылынды. Информация өз базарына ийе.

Базарға ийе болған товар материаллық байлықларға ҳәм баҳасына ийе жаңа көринистеги объект есапланады. Инсан оны көз бенен көрип, қолы менен усламаса да өзиниң белгили бир баҳасына ийе. Усы базарларда өзиниң ҳәрекетлендириўши күшине, әсиресе, шет мәмлекетлерге алмастырылыўы менен бүгинги күнде үлкен баҳасына ийе болып бармақта. Қалаберсе ең жақсы дәрамат дереги болып хызмет қылып келмекте.

“Информация алыў еркинлиги ҳәм кепилликлери ҳаққында” ғы Өзбекстан Республикасы Нызамында информацияның өзи не, оның ҳуқықый ийеси, мүлкдары ким, олар ортасындағы қатнасықлар қандай тәртипке салынады, улыўма алғанда информация менен болған қатнасықлар ҳәм байланыслар қандай дәрежеде орнатылады деген мәселелерге кең түрде айдынлық киргизилген. Онда белгилеп өтилген тийкарғы түсиниклерге төмендегише тәрийиплер бериледи:

**Информация** - дереклери ҳәм тарқатылыў көринисине, көлемине қарамастан, шахслар, предметлер, фактлер, ўақыялар, ҳәдийселер ҳәм процесслер ҳаққындағы мағлыўматлар;

**Информация ийеси ямаса информация мулкдары** - өз қаржысына яки басқа нызам жолы менен алынған информациясына ийелик етиўши, оннан пайдаланыўшы ҳәм оны көз алдына келтириўши юридикалық яки физикалық тәреп;

**Информацияны қорғаў** - информация тараўындағы қәўипсизликке қәўиплердиң алдын алыў шараларын көриў;

**Информация ресурслары** - арнаўлы ҳүжжетлер, ҳүжжетлердиң арнаўлы топламлары, информация системаларындағы (китапханалардағы, архивлердеги, фондлардағы, мағлыўматлар банклериндеги ҳәм басқа информация системаларындағы) ҳүжжетлер ҳәм ҳүжжетлердиң жыйнақлары;

**Информация тараўы** - субъектлердиң информацияны пайда етиў, қайта ислеў ҳәм оннан пайдаланыў менен байланыслы хызмет тараўы;

**Информация тараўындағы қәўипсизлик** - информация тараўында шахс, жәмийет ҳәм мәмлекет мәплериниң қорғалыў жағдайы;

**Информация ийеси-** Нызамда яки информация мулкдары тәрепинен белгиленген ҳуқықлар ишинде информацияға ийелик етиўши, оннан пайдаланыўшы ҳәм оны тарқатыўшы юридикалық ҳәм физикалық тәреп;

**Сырлы информация-** пайдаланылыўы нызам ҳүжжетлерине муўапық шеклеп қойылатуғын ҳүжжетлестирилген информация;

**Ғалаба информация-** шекленбеген көлемде шахслар ушын мөлшерленген ҳүжжетлестирилген информация, баспасөз, аудио, аудиовизуал ҳәмде басқа да хабарлар және материаллар;

**Ҳүжжетлестирилген информация** - идентификация (***идентификация*-өзин информация ийесине уқсатыў, оның орнына өзин қойыўы арқалы қәдриятларды бийкарлаў**) қылыў имканиятын бериўши реквизитлер қойылған ҳалда дизимге алынған информация.

Мине, усы Нызамда информацияның қандай таярланаўы, қандай алмастырылыўы, информацияны таярлаўшы ҳәм пайдаланыўшылар арасындағы қатнасықлар қандай парықланыўы, улыўма мәмлекетке тийисли информациялар, жеке информациялар, қәўипли информациялар, қәўипсиз информациялар сыяқлы бир қатар қағыйдалар орын алған, бул өз-өзинен информацияның объект екенлигин тән алдырады. Демек, буннан келип шығып айтыў мүмкин, мине, усы топланған белгили бир материаллық баҳаға ийе болған, адамлардың санасы, көз-қараслары ҳәм пикирлеўине тәсир ететуғын анаў ямаса мынаў көринистеги пикирди қәлиплестириўге хызмет қылатуғын информациялар жыйнағы: баспа информациялары, күнделикли газеталар, эфирдеги хабарлар (РЕ ҳәм ТВ), электрон баспа, яғыный, Интернет тармағындағы информациялар болама,

бул информацияларды ишки ҳәм сыртқы дереклерден қорғаў зәрур. Бул жағдайлар «информациялық-психология қәўипсизлиги» деген түсиник пенен түсиндириледи. Демек, информация қәўипсизлиги дегенимиз, республика аймағында жайласқан мәмлекетлик шөлкемлер, мәмлекетлик емес шөлкемлер, пуқаралар улыўма жәмийеттеги хәр қыйлы информациялардың еркин ҳәм Нызам менен тарқатылыўын қорғаў ҳәм тәмийнлеў.

Өзбекстанда таярланатуғын информацияны Өзбекстан аймағынан тысқарыда, шет мәмлекетлерде тарқатылыўын тәмийинлеўши әмелдеги Нызамлар ҳәм халық- аралық ҳуқықый тәртиптеги ҳужжетлерге сүйениў керек. Яғный, әпиўайы етип түсиндиретуғын болсақ, информация қәўипсизлиги хәр бир адамның саўлығы, саламатлығы қандай корғалатуғын, тәмийинленетуғын болса, оның санасына, мийине тәсир ететуғын информациялардың дурыслығы да, мине, сондай дәрежеде тәмийинлениўи керек. Демек, пәнимиздиң мақсети студентлерге яғный, болажақ журналистлерге, педогогларға, юристлерге, сиясатшыларға, тарийхшыларға мәмлекетлик сырды, миллий информация қәўипсизлигин қандай сақлаў ҳәм тәмийинлеў кереклигин түсиндириў. Бул мақсетлерге ерисиў ушын төмендеги ўазыйпалар қойылады:

- Миллий ҳәм информация қәўипсизлиги ортасындағы өз-ара байланысты көрип шығыў;

- Өзбекстанның жәҳән мәмлекетлерине болған қызыўшылығын, дүнья көлеминдеги сиясий -орны ҳәм ролин үйрениў;

- Информацияға қәўип салатуғын усылларды анықлаў ҳәм оларды сапластырыў мәселелери;

- Информация қәўипсизлигин тәмийинлеў усыллары;

- Информация қәўипсизлигин тәмийинлеўде халық-аралық бирге ислесиў;

- Мәмлекетлик сиясат дәрежесинде информация қәўипсизлигин тәмийинлеў илажларын ислеп шығыў.

Улыўма алғанда, информациялық-психология қәўипсизлиги республика аймағындағы ҳәрекет етип турған мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик басқарыўды бузыўға қаратылған ҳәр қандай информацияға қарсы гурес системасын дүзиў десек болады.

## Жәмийеттиң раўажланыўы ҳәм информация

Жәмийетлик-сиясий информациялар инсанлар арасындағы байланыслар, сиясий майданлар, жәмийетти басқарыў, илимий, оқыў ҳәм тәрбиялық ислерин шөлкемлестириў, оны әмелге асырыўда кем-кемнен зәрүр әҳмийетке ийе болып бармақта.

Толықлығы, тийкарланғанлығы ҳәм исенимлилиги зәрүрли әҳмийетке ийе жәмийетлик-сиясий информацияларды ислеп шығыўда илим, ал, оларды тарқатыўда ғалаба хабар қураллары үлкен әхмийетке ийе.

**Информация мәденияты** техника-технология ҳәм жәмийетлик-мәдений түсиниклерине ийе. **Техника-технология тәрепинен** алып қарағанда информация мәденияты информацияны алыў, қайта ислеў, сақлаў ҳәм жеткерип бериўге хызмет қылатуғын техника-информация қураллары ҳәм олардан ақыллылық пенен пайдаланыў усыллары ҳаққындағы билимлер системасын аңлатады.

**Жәмийетлик-мәдений мәнисинде** информация мәденияты инсанның бар болған мәдений, ақылый, сиясий, ҳуқуқий ҳәм эстетик қәдириятларын өзлестирген ҳалда информация майданында турмыслық ҳәрекет етиўин аңлатады.

**Информациядан пайдаланыў мәденияты** дегенимиз-информация дүньясынан жәмийетлик раўажланыўға хызмет қылыўшы мағлыўматларды

танлап алыў барысындағы билимлер, уқып ҳәм тәжирийбени өзинде сәўлелендириў.

**Информацияласқан жәмийет-** пухаралық жәмийет раўажланыўының ҳәзирги басқышында қәлиплесип атырған ҳәм жәмийетлик турмыстын барлық тараўларында информация ҳәмде информатикадан ақыллылық пенен пайдаланыўға тийкарланған сыпатлы жағдайларын анлатыўшы түсиник.

Информацияласқан жәмийет теориясынын тийкарын салыўшылар жәмийетлик раўажланыўды «басқышлар алмасыўы» көз қарасынан алып қарағанда, онын қәлиплесиўи аўыл-хожалығы, санаат ҳәм хызметлер экономикасынан кейин пайда болған экономиканың төртинши- “информация секторы’’ның жүзеге келиўи менен байланыстырады. Олардын пикирлеринше, индустриал жәмийеттиң тийкары болған капитал ҳәм мийнет информацияласқан жәмийетте өз орнын информация ҳәм де билимге босатып береди.

Информацияласыў майданы жәмийетттеги экономикалық ҳәм де жәмийетлик-мәдений өзгерислерге тиккелей тәсир көрсетеди. Батыс социологларының пикирлерине қарағанда, информацияласқан жәмийет техника тараўында-ислеп шығарыў, экономика, тәлим ҳәм социаллық өмирге информация технологияларының кеңнен ен жайыўы; экономикалық турмыста-информацияның товарға айланыўы; жәмийетлик турмыста-информация турмыс, өмир дәрежеси өзгериўинин тийкарғы усылына айланыўы; сиясий тараўда-кең көлемде пикир алмасыўына шараят жаратыўшы ҳәр түрли информацияларды еркин түрде алыўына жол ашып берилиўи; мәдeният тараўында-информация алмасыўы дәўир зәрүрликлерине жуўап беретуғын нормалар ҳәм қәдириятлардың қәлиплесиўи менен сыпатланады.

Ҳәзирги ўақытта информацияласқан жәмийет:

- үйде ислеўдиң кеңейиўине, транспорт ҳәрекетиниң кемейиўине ҳәм бунының ақыбетинде тәбиятқа түсетуғын «жүк» тиң кескин қысқарыўына алып келеди;

- жумыс күниниң қысқарыўы адамлардың көбирек үйде болыўына ҳәм хожалық жағдайларының жақсыланыўына алып келиўи;

- кейинги жүз жыллықларда қала адамлардың жасаў ҳәм жумыс ислеўи ушын ең қолайлы мәкан деген жуўмаққа келинбекте. Информацияласыў процесси болса, аўылдан турып-ақ пүткил дүнья менен байланыста болыў, ең абыройлы шөлкемлерде ислеў, қала турғынлары ерисип атырған мәдений жетискенликлерге ерисиўине ямаса ийе болыўларына имканиятлар жаратпақта. Бул болса, өз нәўбетинде тыныш ҳәм абадан болған тәбиятқа жақын болған аўылларға қайтыў ямаса сол жерде пүткинлей қалыў ушын шараят жаратады;

- аралық тәлим-билим алыўдың ең қолай усылына айланыўында, халықтың кең қатламлары ушын ҳәтте, ең элитар жоқары оқыў орынлары есиклериниң ашылыўына мүмкиншилик жаратады. Әпиўайы етип түсиндиретуғын болсақ, мағлыўматлылық көп дәрежеде инсанның сабыр-тақатына, қәлеў-имканиятларына байланыслы болып қалады.

Ҳәзирги ўақытта информацияласыў процесси бир қатар машқалаларды да келтирип шығарады. «Ашық эротика»дан тартып “Ашық порнография”ға шекем болған ҳәдийселер менен байланыслы мәселелер мине, усылар қатарына киреди. Бундай жағдайлардың толық түрде алдын алып болмайды. Ҳәтте, информация тармақларының үзиликсиз ислеўи, оның әҳмийетли сыпатлы белгиси болып есапланады ҳәм бул процесс барлық ўақытта жетилисиў, раўажланыў дәрежесин бастан кеширмекте. Демек, жоқарыдағы киби «машқалалар» жолына қәншелли тосық қойылмасын, бәрҳәма оларды «айланып» өтиў имканияты болады.

Және бир мәселе, авторлық ҳәм де интеллектуал мүлк ҳуқықының

бузылыўы менен байланыслы. Сондай екен, информация тармағында көпшилик көре алмайтуғын жағдайлар, ҳәдийсе, қубылыслар пайда болыўы тәбиийий. Бүгинги күнде компаниялар өз информацияларын қорғай алыў ҳәм рухсат етилмеген кириўлердиң алдын алыўы ушын жүдә көп муғдардағы пул жумсап атырғанлығы да, мине, усыннан. Соның менен бирге информацияларды пайда етиўден тартып, оны нызамсыз рәўиште жәрия етиўге шекем болған көринислерде ушырасатуғын, өз мәпи ушын пайдаланыў жағдайлары да келип шығыўы мүмкин. Түрли жәмийетлик қатламлар, профессионал ҳәм миллий топарлар ўәкиллерине ҳәр қыйлы тәсир қылыў жағдайларында оны пайдаланыў әмелиятын түрли топарларда бир-биринен кескин парық қылыўы мүмкин. Бул ең дәслеп, информация дереклери көлеми ортасындағы парықтан пайда болады. Мәселен, айырым адамларда информация дереклери минимал дәрежеде (тек телевидение яки радио), айрымларда болса кең (интернет, жаңа телекоммуникациялар системасы) болыўы мүмкин. Қәнигелердиң пикирлерине бола, бүгүнги күнде жәмийетте информацияны алыў, оған жол табыў тараўында кескин бөлиниў, топарларға ажыралыў жағдайлары да жүз бермекте.

## Информациялық-психология қәўипсизлигин тәмийинлеўдиң ўазыйпалары, тийкарғы бағдарлары ҳәм усыллары

Информация кудретли күш болып, ол арқалы халықтың ойы, мәденияты, менталитети ҳүкиметтиң информациялық сиясий-социаллық системасына унамлы яки унамсыз тәсир етилиўи мүмкин. Мәмлекетлик ҳәм сиясий информация түрлери ҳәм информация қәўипсизлиги машқаласы бурыннан бар. Кибернетика ҳәм информатика раўажланыўы менен Интернет системасының пайда болыўы информация гүресин жаңа

басқышқа көтерди. Бүгинги күнде глобаль компьютерлер тармағы-интернет жәҳәнниң барлық мәмлекетлерине кирип бармақта. Бүгинги күнде Интернет жәҳәнанниң 150 ден аслам мәмлекетинде ен жайды. Интернет тармағы жалғанған ҳәр бир компьютер дәстүри *сервер* яки *вебсервер* деп аталады. Интернет әлеминде 300 миллионнан артық вебсервер бар. Оннан пайдаланыўшылар саны 600 миллионнан артық.

Интернет арқалы жүдә көп ўазыйпаларды атқарса болады. Дүньяның қәлеген мүйешиндеги мәмлекетлерге электрон почта жибериў, мыңлап километр узақта жайласқан компьютерди меншик компьютер сыяқлы ислетиў, зат сатыў яки сатып алыў, керекли мағлыўматларды алыў электрон баспаларды оқыў, түрли атамадағы ушырысыўларға қатнасыў, ҳүжжетлердиң нусқаларын ҳәм видиокөринислерди шығарып алыў мүмкин.

Саяхатлар жәми WWW арқалы әмелге асырылады. Сонлықтан да Интернетти *планета энцеклопедиясы* деп атаў мүмкин. Бүгинги күнде информацияны интернетсиз көз алдымызға келтириўимиз қыйын. Бундай системаның басланғыш точкасы ҳуқықый нормалар болып табылады. Ҳәр қандай ҳуқықтың әмелге асырылыўы оған қылынған қарсылықлардан қорғалыўына байланыслы. Информация қәўипсизлигине қарсылықтың алдын алыў ҳәм сапластырыўда дәстүрий техникалық ҳәм статистикалық, экономикалық усыллар қолланылады. Информация қозғалысы тек бир мәмлекеттиң машқаласы емес, буған дунья жүзи гүресиўи лазым. БМШ ниң Бас Ассамбелеясы тәрепинен 1998-жылдан баслап ҳәр жылы халық-аралық қәўипсизлик тараўында информацияласыў ҳәм телекомунникация дөгерегинде ерисилген нәтийжелер мәселелери бойынша резолюция қабыл етилди. Онда информация технологиялары мәмлекетлер қәўипсизлигине қәўип туўдырып, БМШне ағза болған мәмлекетлер усы тараўдағы мәселелерди көрип шығыўға ҳәм оның қәўипли ҳәрекетлерин кемейтиўге

шақырады.

*Информация қәўипсизлигин тәмийинлеў ушын Өзбекстанда қандай ҳуқықый нормалар ислеп шығылған? Информация қәўипсизлигин тәмийинлеўдиң қандай түрлери бар?*

Өзбекстан республикасы Конституциясының 27-статьясына тийкарланып, ҳәр ким өз абыройына қарсы исленген душпанлықтан, жеке өмирине араласыўдан қорғалыўы ҳәм мәкан жайы қәўипсизлигине ийе. Сондай-ақ, оған Нызам менен қорғалмаған жағдайларында да биреўдиң турар жайына кириў, тинтиў өткизиўи яки оны көзден кешириўи, жазыўлар ямаса телефон сөйлесиўлердиң сырын ашыўы мүмкин емес. Өзбекстан республикасы конституциясының 29-статьясы бойынша: информация алыў, излеў, тарқатыў ҳуқықы кепилликке алынады. Сондай-ақ тийкарғы Нызамымыздың әмелдеги конституциялық системаға қарсы қаратылған информация ҳәм Нызам менен белгиленген басқа шеклеўлер буннан ғәрезсиз. Пикир жүритиў ҳәм оны баянлаў еркинлиги тек мәмлекет сыры ҳәм басқа сырларға тийисли болған жағдайда ғана Нызам тәрепинен шеклениўи мүмкин. Информация қәўипсизлигин тәминлеўден алдын информациялардың ҳуқықый тийкарлары ҳаққында тоқтап өтиў лазым. Ғалаба хабар қураллары ҳаққында, авторлық ҳуқықы тийкарында мәмлекет сыры ҳаққында Нызамларда ҳәм Нызам нормаларында информация алыў ҳәм тарқатыў ҳуқықый тийкарлары белгиленген. Информация мәмлекет шөлкемлери юридикалық ҳәм физикалық шахслардың ислери жемиси сыпатында материаллық ямаса интеллектуал мүлк обьекти болыўы мүмкин. Мәмлекет шөлкемлери юридикалық ҳәм физикалық тәреплер информацияларға байланыслы Өзбекстан республикасы Нызамлары менен белгиленген ҳуқыққа ийе ҳүжжетлестирилген информация мүлк обьекти сыпатында айрықша ҳүжжет ҳәм ҳүжжет топламы түринде пайда болады. Информация ийеси өз мүлкиниң обьектине қарап ҳәр қандай Нызамлы

ҳәрекет ислеўи, сондай-ақ, информацияға ийелик етиўши оннан пайдаланыўшы шахсты сайлаўы мүмкин. Соны да айтып өтиў керек, мәмлекет мүлки есапланған информацияға қорғаныў сертификатына ийе болған системалар ғана өзгерис киритиўи мүмкин. Автоматластырылған информация системалары жәрдеминде киритилетуғын ҳәм шығарылатуғын ҳүжжетлердиң юридикалық күши электрон имза менен тастыйықланыўы мүмкин. Электрон имзаның юридикалық күши автоматластырылған системада имзаның бирдейлигин тәмийинлеўши сертификатланған дәстүрий техника қураллары бар болған жағдайларында жүргизиледи. Информация қәўипсизлигин тәминлеў ушын төмендеги талаплар қойылады:

Өзбекстан республикасы жынаят кодексиниң 174-статьясында Информацияласыў қағыйдаларын бузыўдың жуўапкершилиги белгиленген. Информацияластырыў қағыйдаларын бузыў яғный, информация тармағынан рухсатсыз пайдаланыў, яки пайдаланыўға рухсаты болған жағдайларда тийисли қорғаў шараларын көрмеў яки информациялар тармағынан нызамды бузған жағдайында информация алыў, сондай-ақ, информацияластырыў системасынан пайдаланыўға рухсаты болған жағдайында, ондағы мағлыўматларды қастан өзгертиў, жоғалтыў, алып таслаў яки жоқ етип жибериў, көп муғдарда зыян жеткизиўге себепши болса ең кем айлықтың 75 есе муғдарында жәрийма яки 3 жылға шекем тәртип дүзетиў ислери менен жазаланады. Компьютер системаларында сақланған мағлыўматлар яки дәстурлерди өзгертиў мақсетинде тийисли рухсатсыз компьютер вируслары яки дәстурлерин ислеп шығыў ҳәм тарқатыў, сондай-ақ, рухсаты болмаған жағдайда информация системасынан пайдаланыў, мағлыўматлардың бузылыўына, алып тасланыўы, жоқ етип жиберилиўи, бул системаның истен шығыўына себеп болса, ең кем айлықтың 75 есесинен 200 есеси муғдарында жәрийма

яки белгили ҳуқықынан айырыў 3 айдан 6 айға шекем азатлықтан айырады. Өзбекстан республикасы жынаят кодексиниң 162-статьясы, мәмлекет сырларын ашып бериў яки өзгеге бериў, яғный мәмлекет сыры, әскерий сыр яки хызмет сыры есапланған мағлыўматларды (бул мағлыўматлар исенип тапсырылған хызмет орны ямаса кәсибине байланыслы) әшкара етиўи ямаса бул қылмысында мәмлекетке сатқынлық белгилери болмаса 3 жылдан 5 жылға шекем азатлығынан айырылады. Егер сол ҳәрекетлер аўыр ақыбетлерге алып келсе, 5 жылдан 8 жылға шекем азатлықтан айырылады. Усы кодекстиң 163-статьясында да мәмлекет сыры яки әскерий сыр есапланған ҳүжжетлерди жоғалтыў ақыбетлери де белгилеп қойылған.

Бүгинги күнде информация дүньясының арғы мушынан берги мушына дерлик бир нешше секундлар ишинде жетип барып атырған бир пайтта "Информацияны басқарыў" деген түсиниклер де жүзеге келди.

Дүньяда информацияларды натуўры жеткизиў, оны қәте талқылаў ямаса оларды өз мәплери жолында пайдаланыў ҳалатлары жүзеге келмекте. Бундай мүнәсийбетлер арасында суўықлықлар пайда болады. Соның ушында информация техникалары дәўири деп ат алған ҳәзирги заманда информация қәўипсизлигин тәмийинлеў ҳәр қашанғыдан да зәрур. Демек, информация қәўипсизлигин тәмийинлеў усылларын үйрениў ҳәм таратыў зәрүр. Информация қәўипсизлигине тийкарланып мәмлекеттиң экономикалық, әскерий ҳәм техникалық сиясатында тийкарғы талаплардан бири болып қалыўы керек. Информация техникаларын сатып алып атырғанда, оларды Интернет системасына жалғағанда арнаўлы усыллар тийкарында, техникалық бақлаў тәртиби бойынша белгилеп алыў керек. Информация кодексин ҳәм оның тәртип қағыйдаларын мәмлекет информация қуралларының жасырын элементлери кирип келиўинен сақланатуғын Нызамды ислеп шығарыў дәўир талабы.

Улыўма айтқанда, информация қозғалысының алдын алыў, информация қәўипсизлигин тәмийинлеў мәмлекетти сыртқы ҳәм ишки қәўиплерден қорғаўдың ең әҳмийетли усылы болып табылыды.

## Шахс, жәмийет ҳәм мәмлекеттиң информациялық-психология қәўипсизликлерине қәўиплердиң көринислери, дереклери ҳәм олардың түрлери

*Қәўиплер классификациясы:* *Обьект ҳәм оған мүнәсийбет, келип шығыўы, тәсир қәсийети, зыян көлеми ҳәм муғдары бойынша классификациясы*. Қәўиплер тийкарынан түрлише болыўы мүмкин: шахс, жәмийет ҳәм мәмлекетке, ишки ҳәм сыртқы, үлкен ҳәм кишкене, узақ ҳәм жақын, сиясий, әскерий, экономикалық ҳәм мәдений, экологиялық, миллий ҳәм тағы басқалар.

Информациялық хызметтиң субьектлери сыпатында мәмлекет системалары, ғалаба хабар қураллары, түрли үлкен (корпорация, ассосация, бирлеспе, концерн ҳәм т.б.) ҳәм киши (кәрхана, шөлкем, елшихана) шөлкемлер хызмет қылыўы мүмкин. Заманагөй басқышта, интернет пайда болғаннан кейин, сондай субьект сыпатында өз алдына шахсларға хызмет көрсетиўи мүмкин. Мәселен: виртуал мәканда өз сайтын ашыў жолы менен.

Қәўип обьектлерин классификациялаўда еки жол менен жантасыў мүмкин. Биринши ҳәм ең кең тарқалған көз-қараслар бойынша бундай обьектлер үш түрли: мәмлекет, жәмийет ҳәм шахс. Екинши көз-қарастың тәрепдарларының пикиринше, қәўип обьектлери социологиялық классификацияланыўға сәйкес келсе, туўрырақ болады. Яғный, бундай обьектлерге жәмийет, соның менен жәмийетлик класс, үлкен ҳәм киши жәмийетлик топарлар ҳәмде шахсларды киритиў мақсетке муўапық деп

есаплайды.

Тәсир көрсетиў жоллары, тәсир етиўши тәрепинен обьектке сәйкес рәўиште таңланады. Барлық обьектлер ушын бирдей усыл туўры келмейди. Мәмлекетке тәсир етиў бир жол менен әмелге асырылса, шахсқа тәсир етиў ушын басқаша усыл таңланады.

Зыянның көлем ҳәм муғдары да түрлише болыўы мүмкин, жүдә үлкен дәрежеден, онша әҳмийетли болмаған көлемгеше. Бул өз нәўбетинде тәсир етиўшиниң мақсети, материаллық, илимийлик, психологиялық ҳәм техникалық имканиятларға да байланыслы.

*Шахс, жәмийет ҳәм мәмлекет мәплери, жәмийетшилик пикири ҳәм мәмлекеттиң руўхый жақтан раўажланыўына информациялық қәўип*. Информация қәўипи сондай бир универсал характерге ийе, оның бәрше басқа тараўларға қатты унамсыз тәсир қылыў имканиятлары бар: шахс дүнья қарасына, жәмийет турақлылығына, жәмийетшилик пикирин алағада қылыўға ҳәм соңғы ақыбетке ҳәр бир мәмлекетке руўхый, сиясий, экономикалық, мәдений раўажланыўына да кери тәсир қылыўы мүмкин. Себеби, информацияның жәмийет, шөлкем, шаңарақ, шахс санасына кирип келиўи онша көзге тасланбайды. Унамлы ҳәм унамсыз информацмяны парықлаў, жақсы мағлыўматты өзлестириў ҳәм зыян алып келетуғын информацияларды бийкар етиў ушын инсан санасы раўажланған, оның өзи болса беккем күшке ийе болыўы керек. Ҳәр бир мәмлекет аймағының тийкарғы бөлими болса, бундай имканиятқа ийе емес. Соның ушын информация-психологиялық сергекликке биринши орында информация тарқатыўшылар ийе болыўы шәрт. Оларға мәмлекетлик шөлкемлер хызметкерлери, журналистлер, педагоглар, жәмийетлик шөлкем хызметкерлери ҳәм басқалар киреди.

Бул ҳаққында Өзбекстан Президенти И.Каримов: «Ағартыўшылық-биз ушын да өз әҳмийетин жоғалтқаны жоқ, жоғалтпайды да. Ақыллы,

зийрек, жоқары мәдениятлы инсанларды тәрбиялай алсақ ғана, алдымызға қойылған мақсетлерге ерисе аламыз. Сонда ғана журтымызда абадан турмыс ҳәм раўажланыў болады. Егер бундай машқаланы бүгин өз ўақтында шешпесек, барлық урыныўларымыз бийпайда: раўажланыў да, келешек те, абадан турмыс та болмайда» -деп көрсетеди.[1]

*Мәмлекет сиясатын тәмийинлеўде информациялық қәўип.* Информациялық қәўиплердиң ең қорқынышлысы-мәмлекет сиясатын тәмийинлеўде кесент беретуғынлар. Себеби, егер инсанға унамсыз тәсир тар шеңбердеги адамларды жәмлеп алса, мәмлекет ҳәм жәмийетке қәўип пүтин бир мәмлекет, халық тынышлығын қәўип астына қояды. Бул жүдә үлкен машқала.

*Мәмлекетлик информация қурамындағы қәўиплер; ишки базарды информация менен тәмийенлеў, миллий информация технологиялары ҳәм ресурслардан пайдаланыў және де оны топлаў***.** Информациялық қәўиплерге қарсы гүрестиң ең жақсы жолларының бири-мәмлекеттиң өзин-өзи информация менен тәмийенлеўи. Әлбетте, бундай информация толық, сыпатлы ҳәм ҳақыйқый болыўы шәрт, керисинше жағдайда жәмийет ағзалары жәнеде сырт ел агентликлерине мүрәәжет етиледи ҳәм бундай ҳәрекетке ҳеш ким тосқынлық ете алмайды. Тийкарынан ишки аймақты информация менен жетерли дәрежеде тәмийинлеў онша қыйын емес, себеби, бүгинги күнде информациялық технологиялары жүдә кең қолланылмақта ҳәм информация тарқататуғын субьектлер мәмлекеттиң ҳәм де дүньяның түрли аймақлардан кәлеген мағлыўматларды алып мәмлекет ишине тарқатыўы мүмкин. Инсан психологиясының сондай бир қәсийети бар, егер ол қандай да бир информацияны үш-төрт саат ишинде алалмаса, пайда болған информация бослығын ҳәр қыйлы мыш-мышлар

---

[1] Каримов И.А. Миллий истиқлол мафкураси, халқ эътиқоди ва буюк келажакка ишончдир. Т. «Ўзбекистон», 2002. 23-24 Б.

менен толтырады.

*Информация ҳәм телекоммуникация қуралы ҳәм системалары қәўипсизлигине қорқыньшлар.* Биринши Ирак урысы пайытында, Иракты̧ң сол дәўирдеги президенти Саддам Ҳусайнны̧ң күшли армиясы бар еди. Солай болсада, усы армия бир неше күн ишинде АҚШ әскерлери тәрепинен жоқ қылынды. Буны̧ң себеби неде? Биринши орында АҚШ әскерлери Ирак армиясыны̧ң әскерий коммуникацияларын, сол қатары компьютерлерин истен шығарды. Буннан кейин техника ҳәм әскерлерин жеңиў қыйын болған жоқ.

Усы мысалдан көринип турғанындай-ақ ҳәр бир мәмлекет өз информация системалары қәўипсизлигин тәмийинлеўи жүдә әҳмийетке ийе екенлигин аңлап алыў қыйын емес. Информация әсирини̧ң әҳмийетли көрсеткишлеринен бири- мәмлекет ҳәм жәмийетти̧ң барлық буўынлары ушын тезлик пенен информация алмасыўы биринши күнделик турмысына айланыўында. Бул ислерди әмелге асыра алғанлар заман менен ҳәмнәпес жасай алады, еплей алмағанлар болса арқада қалып қояды. Демек, раўажланыўды қәлеген мәмлекет биринши орында өз коммуникация системалар хызметин пүтинлигин олардың қәўипсизлигин тәмийинлеўи зәрүр.

*Информациялық-психология тәсир қуралы сыпатында.* Информация тарқатыў процессинде- ең тәсиршең курал Инсан болып есапланады, себеби, оның санасы бар. Информация жеткериўдиң ең әпиўайы усыллары да сондай дәрежеде үлкен күшке ийе оған ҳеш ким, ҳеш нәрсени қарсы қоя алмайды. Соның ушын раўажланыўы күшли мәмлекетлердиң халқы фанатиклерге уқсайды. Мәселен, Гитлер дәўириндеги немис бюргерлери. Инсан тәбияты сондай жаратылған, ол информацияны қабыл қылмастан, оны түсиниўге ҳәрекет қылмастан жасай алмайды. Ҳәр бир Адам мағлыўматты көреди, еситеди, оқыйды ҳәм ең әҳмийетлиси ҳәмме ўақыт

үзликсиз рәўиште, оған жетип баратуғын информацияның тәсиринде жасайды. Соның ушын информация жәрдеминде кимгедур руўхый тәсир қылмақшы болғанларға сол адамның психологиясы жәрдем береди, әлбетте, егер сол Адам информацияны ойламастан қабыл қыла берсе.

*Шахстың информациялық - психология қәўипсизлигине қорқыныштың белгилери ҳәм улыўмалық классификациясы: Сыртқы ҳәм ишки қәўип, оның дүзилиси ҳәм әҳмийети.* Жоқарыда айтқанымыздай, шахс тәрепинен информацияны қабыл қылыўдың шешиўши ноқаты-бул инсан санасы. Усы санадан пайдаланып, ойлаў, дәлийл жәрдеминде адамға қәлеген ең мақул болмаған идеяныда «туўры» деп дәлийллеў мүмкин. Буның ушын дәлийллерди усталық пенен ислетиўи ҳәм дәлийл процессин исенимли етип әмелге асырыўы керек. Демек, информациялық-психология қәўипсизлигине қорқыныштың биринши белгиси-бул инсанның өзи болып есапланады.

Оннан тысқары басқада белгилер бар. Олар, ең дәслеп сыртқы ҳәм ишки белгилерге бөлинеди. Сыртқы белгилери қатарына басқа мәмлекетлер Өзбекстан информация шегарасында ҳүкимранлық қылыўға жөнелтирилген ҳәрекетлерден пайда болады ҳәм түрли нақалыс сиясий, әскерий, экономикалық топар дүзимлер ўәкиллериниң Өзбекстан пухараларына қарағанда унамсыз тәсир көрсетиўинен ибарат. Бундай ҳәрекетлер, сол қатары сырт ел ғалаба хабар қураллары, түрли мәмлекетлик емес топар шөлкемлери тәрепинен әмелге асырылады. Ишки қәўиплер қатарына аймақты информация менен тәмийинлеўдиң ҳуқықый ҳәм экономикалық тийкарлары жетерли емеслиги пуқаралық жәмийеттиң институтлары раўажланбай атырғанлығы ҳәм пуқаралардың мәмлекетлик ҳәм мәмлекетлик емес шөлкемлерге мүрәәжет қылыўлары жуўапсыз қалып кетиўлери, системалар хызмети ҳаққында жетерли информация ала алмаўы ҳәм де жоқары шөлкемлер тәрепинен қабыл қылынған карарлардың,

оларға дурыс түсиндирип берилмеўи ҳәм басқалар.

*Шахс руўҳыятының биожәмийетлик тәбияты оның әҳмийети пайда болыўы ҳәм басқарылыўы, инсанның жеке усынысы ҳәм информациялық психология қәўипсизлигине қәўип системасында оның әҳмийети.* Инсан руўҳыяты биожәмийетлик тәбиятқа ийе екенлигин көпшилик билсе де, бул жағдайға ҳәм буннан келип шығатуғын ақыбетлерге онша итибар берилмейди. Биожәмийетлик тәбият болса, инсан қулқы ҳәм санасы ушын жетекши фактор. Демек, кең аудитория менен ислесиў процессинде психология нызамлықларын билместен нәтийжели хызмет көрсетип болмайды. Инсан психологиясының негизин биологиялық пазыйлетлер шөлкемлестиреди, әдетте, биологиялық жақтан тыныш болған әпиўайы адам жәмийетлик қәсийетлерге ийе болыўға күши жетеди. Зегмунт Фрейт, Карль Юнг ҳәм солар киби философ-психологлардың дәлийлеп бергени бойынша, инсан санасының фундаментин санасыз биологиялық қәсийетлер, жеке ҳәм топарлық, санасызлық шөлкемлестиреди. Солай екен, информация қәўипсизлиги тараўында қәлиплескен қәнийгелер буны итибарға алыўлары керек. Мәселен, ҳәр бир инсан минез-қулқы, көз-қарасы ҳәм позициясы түрли информация жәрдеминде, ҳәр қыйлы басқарылыўы мүмкин. Сиясаттаныўшылар яки журналистлер бир ўақыяны бир факт пенен сондай анализ ете алады, оннан кең аудитория унамлы яки унамсыз нәтийже шығарыўы әпиўайы жағдай болып қалған. Солай екен, информациялық-психология қәўипсизлиги системалары хызмет көрсететуғын Өзбекстан ғалаба хабар құраллары олар ушын ең әҳмийетли факторлар болған тезлик ҳәм ҳақыйқатлық принциплери тийкарында ис алып барыўлары жүдә әҳмийетли орын тутады.

*Жәмийетлик информациялық-психология қәўипсизлиги дереклери.* Бундай дереклер көп, олардың тийкарғы бөлими шахстың өзин

информациялық-психология қәўипсизликлерине қәўиптиң дереклери қурамында келтиреди. Қосымша рәўиште пүтин жәмийет ҳәм миллетке қәўип салып атырған дереклерди келтириў мүмкин. Мәселен: миллетшиликти, шовенизмди, империялық ойлаўлар, идеологиялық, экспанционизм ҳәм басқа сол киби иллетлерин қозғатыўшы мәмлекетлер, шөлкемлер ҳәм шахслар[1].

*Информацияда шегаралық мүнәсийбетлер*: *информация алыў шегараларын тәмийинлеў, жеке өмир ҳәм шахс сыры, сырлы жазылмалар қатнассызлығын тәмийинлеў.* Ең дәслеп айтып өтиў керек, информациялық ҳүжимди шегара тәрепинен алты тийкарғы түрге ажыратыў мүмкин:

1) Улыўма планеталық, (бир полюслы, яғный «однополярный» дүньяны шөлкемлестириўге ҳәрекет қылыўшы мәмлекетлер тәрепинен әмелге асырылады;

2) Аймақлық (Азия яки басқа аймаққа қарамастан);

3) Регионлық (өз-ара шегаралас, мәселен Орайлық Азия мәмлекетлерине қарамастан);

4) Мәмлекет (Өзбекстанға қарамастан);

5) Шегералық ( мәселен, Ферғана ойпатлығы);

6) Жергиликли (ўәлият, қала, районларға қарамастан).

Тәбийий жағдай, ҳәр бир мәмлекет өз информация орталығын да пайда етеди. Басқа мәмлекет тәрепинен усы мәмлекет орталығында интенцив рәўиште информация тарқатыў информациялық ҳүжим есапланады. Бундай ҳәрекет усы мәмлекетти өз информация мәканына ҳақлы рәўиште қорғаўға умтылады. Қорғаў ислерин әмелге асыратуғын тараўларға мәмлекет ҳәм жәмийет мәкемелеринен тысқары жеке

---

[1] Қараң: Пахрутдинов Ш. Тараққиётга таҳдид: Назария ва амалиёт. Т. «Академия» 2006. 73 Б..

турмысына қатнассыз шаңарақты асыраў ҳәм сырлы жазба жумыслар да киреди.

*Информация көлеминен қәлиплестириў ишки ҳәм сыртқы халық-аралық аймақлардағы информация алмасыўында мәмлекет сиясатынан пайдаланыў. Информация технологиялар ағымына талантлы дәстүр дүзиўшилер ҳәм басқа қәнийгелерди бағдарлаў:*

Информация көлемин қәлиплестириў процессинде, дүньялық принциплерден келип шығыў зәрүр. Қайсы бир мәмлекет усы принциплерди бийкар етсе, оның информация тарқатыў ҳәрекетлери керекли нәтийжени бермейди. Дүньялық принцип болса, биринши орында бүгинги информация ағымлары жүдә үлкен көлемде ҳәм жедел көринислерде тарқалып келмекте. Бундай шәриятты итибарға алып, қала берсе, оларға сәйкесленип жумыс алып барыў қәрежетлерден келип шығып, жоқарырақ нәтийже алыўға жәрдем береди.

Өзбекстан мәмлекети дүнья жәмийет бирлигиниң кең ўәкили сыпатында ғәрезсизликтиң биринши күнлеринен баслап, түрли жөнелислер бойынша өз сиясатын ислеп шықты ҳәм оған әмел қылып келмекте. Мәмлекетимиз ишки ҳәм халық-аралық көлемде информация алмасыўында өзине тән ҳәм сәйкес басқа мәмлекетлерге зыян келтирмейтуғын мәмлекет сиясатынан пайдаланбақта. Соны айтыў керек, усы сиясатқа муўапық ис алып барыў ҳәммеге; мәмлекет системалары, ғалаба хабар қураллары, жәмийет шөлкемлери ушын, қалаберди пүткил мәмлекет ушын пайда келтириўи сөзсиз, усы сиясаттан шеклениў болса, мәмлекет аймағындағы бирликке зыян келтиреди.

Бизге белгили, инсаният раўажланыўының «Үшинши толқын» басқышында мәмлекеттиң тийкарғы байланыслары-Информация. Демек, ҳәр бир мәмлекетке информация менен ислесетуғын қәнийгелер де керек. Әдетте, бундай адамлар сыпатында журналистлер тилге алынады. Лекин,

бул мәселениң тек ғана бир тәрепи. Буннан басқа информация менен сиясатшылар, педагоглар, юристлер ҳәм басқалар да ислеседи. Солай болсада, информация технологиялары раўажланған дәўирде керекли қәнийгелер, компьютер дәстүрлери есапланады. Өз мәмлекетин раўажландырыўшы болған ҳүкимет информация әсиринде биринши орында усы топардағы қәнийгелерди таярлаў зәрүрлигин аңлайды ҳәм күн тәртибине қояды. Бизге белгили Өзбекстан да усы мәселе бойынша жедел ҳәрекет қылып, бүгинги күнде көп ўәлиятлардағы университетлер де сондай қәнийгеликти ашты. Журналистлер таярлаў мәселеси бойынша сегиз жыл ишинде Министрлер кабинетиниң еки қарары қабыл етилди.

*Информациялық-психология қәўипсизлигиниң шахсқа тәсир етиўши қуралы ҳәм усыллары. Информацияны қабыл етиў ҳәм қайта ислеў, тарқатыў механизми жәмийеттеги транспормация ҳәм қайталаныў.* Информациялық-психология қәўипсизлигиниң шахсқа тәсир етиўши қуралы ҳәм усыллары жүдә көп. Лекин дәстүрий рәўиште олар үш тийкарғы түрге бөлинеди:

1) Мәмлекет тәрепинен жеткериледи;
2) Ғалаба хабар қураллары арқалы;
3) Рәсмий емес байланыстағы информациялар.

Информация менен ислеў бир нешше тийкарғы бууынларды пайда етеди. Олардың жумыс механизми төмендегилерден ибарат.

а) мағлыўматты қабыл қылыў, түсинип алыў ҳәм еслеп қалыў;

б) информацияны аңлаў ҳәм еслеп қалыў процессинде материалларды қабыл қылыўшы тәрепинен, оның билими ҳәм психологиясынан келип шыққан ҳалда қайта ислеў, жаңаланған информацияны шахс есте сақлаў;

в) информацияны тарқатыў ҳәр бир басқышының өз қағыйдалары бар ҳәм оларға бойсынбаған Адам усы хызметте кризиске ушыраўы анық.

Информацияны аңлауға келсек, аудитория ўәкиллери түрли жәмийетлик қатламларға тийисли болғанлығы себепли, олар барлық информацияны еслеп қала бермейди. Соның ушын шет елли оператив журналистлер өз хабарларын илажы барынша әпиўайы, қысқа ҳәм анық формада бериўге ҳәрекет қылады ҳәм материалларының тийкарғы мәнисин бир неше мәрте тәкирарлайды.

Информацияны тарқатыў механизми үлкен система арқалы әмелге асырылады. Булар баспасөз, радио, телевидение ҳәм Интернет. Бул ҳаққында биз кейинирек тоқтаймыз.

Транспормацияға келгенде айтыўымыз керек, ҳәр бир шахс ҳәм жәмийетлик қатлам қабыл қылған информацияны өзиниң жасы, өмир тәжрийбеси, миллети, билими, кәсиби жәмийетлик көз-қарасынан қабыл қылып, сол көрсеткишлерге қарап масласады, яки басқаша қылып айтқанда, қабыл қылынған мағлыўмат белгили бир транспормацияға ушырайды. Адамның тәжрийбеси ҳәм билими қанша көп болса, оған шетте турып тәсир көрсетиўши күшлер сонша кем болады.

*Шахстың информациялық-психология қәўипсизлигине қәўиптиң пайда болыў факторлары, оның тәсир шеңбериниң кеңейиўи***.** Заманагөй басқышта шахстың информациялық-психология қәўипсизлигине қәўиптиң көлеми бир қанша кең. Булардың ишинде тийкарғылары деп төмендегилерди келтириў мүмкин. Биринши, орында шахс қәдир-қымбатын жоқ етпеў, пикир ҳәм сөз еркинлиги, әдебий, көркем ҳәм илимий дөретиўшилик еркинлиги. Екиншиден, жеке өмирдиң қатнассызлығы, жеке ҳәм шаңарақ сырының қорғалыўы. Үшиншиден, ғалаба хабар қураллары еркинлиги, ҳәр бир киси оларда нызам шегарасында өз пикирлерин айта алыўы. Қәнийгелердиң гүзетиўине муўапық, ғалаба хабар қуралларында пухаралар өз пикирин еркин айтыўлары мәмлекет ушын қәўипли емес, адамлар болса, олардың сөзин

басқалар да еситиўин қәлейди ҳәм соған умтылады. Төртиншиден, руўхый қәдириятларға, халықтың үрип-әдетлерине, жәмийеттиң мәдений мийрасына кимлер тәрепинен болса да ҳүжим қылыныўы.

## Информация гүреси ҳәм ғалаба хабар қураллары

*Дүньяда информация өлшемлериниң үйренилиўи. Базы-бир мәмлекетлердиң информация базарындағы ҳүкимранлығының өсиў тенденциясы, халықлар, мәмлекетлер ҳәм мәдениятлары ҳаққында олардың жеке көзқарасларын қәлиплестириўге умтылыўы***.** Бүгинги күнде информация ағымлары ҳәдден тысқары жедел ҳәм кең көлемли. Бир мысал: ақырғы 50 жыл ишинде жәмийетте айланатуғын информация көлеми миллион мәрте көбейди ҳәм күннен-күнге және де асып бармақта. Бул сондай бир үлкен сан оны толық дәрежеде аңлап алыўда қыйын. Соны да айтыў керек, бундай имканиятлар ҳәмме мәмлекетлерге де тән емес. Демек, техникалық жақтан қүдиретли болған мәмлекетлер күшли информация технологияларына ийе. Соның ушын да олар өзлери ислеп шыққан информацияны тарқатыў жолы менен басқа мәмлекетлер үстинен алдын идея, кейин сиясий -экономикалық ҳәм мәдений ҳүкимранлық қылыўға ҳәрекет қылмақта. Бундай мәмлекетлерге ең раўажланған мәмлекетлер киреди. Усы мәмлекетлердың информация дереклери сыпатында биринши орында мәмлекет информация орайлары ҳәм миллий ғалаба хабар қураллары хызмет қылады. Информациялық ҳүкимранлықтың мақсети-информация тарқататуғын мәмлекеттиң идеясын басқа мәмлекетлер ҳәм халықлар арасында кең тарқатыў. Лекин, бул ўазыйпа ҳаққында олар ашық айдын айтпайды, керисинше, оны ҳәр түрли жоллар менен жасырады.

*ҒХҚ информация-психологиялық гүрести алып барыў қуралы*

*сыпатында***.** Тилекке қарсы, айырым ғалаба хабар қураллары бүгинги күнде сондай қуралға айланған. Усы урыста ғхқ ның орны ҳәм ролин анықлаў ушын ең дәслеп информациялық-психолология урысының мәнисин аңлап алыўымыз зәрүр. "Информация урысы" сөзиниң тийкарын салыўшы физик алымы Томас Рон болып есапланады. 1976-жылда ол информацияны әскерий күшлердиң ең ҳәлсиз буўыны деп тәрийиплеп, усы мәселеге бәрше мәмлекет аймағындағы жуўапкер адамлардың итибарын қаратты. Соннан бери усы сөзлердиң әҳмийети күннен-күнге күшейип келмекте. Информация урысы тәрийипине келгенде, биз бир китаптан мазмун келтирмекшимиз. "Информация урысы" деп социаллық, сиясий, этник ҳәм басқа қатламлардың материаллық уйымға ийе болыў мақсетинде бир-бирине ашық ҳәм жасырын мақсетли информациялық тәсирлерине айтылады. Соның менен бир қатарда информация урысы деп және де қарсыласы үстинен информациялық ҳүкимранлыққа ерисиў ҳәм соның орнына оған материаллық, идеялық яки басқаша зыян жеткериў ушын мәмлекеттиң әскерий күшлери, ҳүкимет ҳәмде арнаўлы шөлкемлери тәрепинен әмелге асырылатуғын усыллар ҳәм операцияларға айтылады.

*Түрли ҒХҚ ның өзине тән психологиялық тәсири.* Ҳәр бир ҒХҚ аудиторияға өзине тән тәсир етиў күшине ийе. Интернетке шекем олардың ишинде ең нәтийжелиси телевидение еди. Себеби, ол тамашагөйге 3 жол менен информация жеткереди: сүўретли, ҳаўазлы ҳәм тәсирли. Соның менен ТВ ғалабалық рәўиште тарқалғаннан кейин 5-10 жыл ишинде 500 жыллық тарийхқа ийе болған баспасөзден озып кетти.

Радиода үлкен күшке ийе, себеби, ол еки канал арқалы тәсир көрсетеди, ҳаўаз ҳәм логика. Оның абзаллығы-жанлы ҳаўаз жәрдеминде аудитория менен сәўбетлесиў, бундай усыл информация орны менен тыңлаўшы ортасындағы аралықты жоғалтады. Инсан ҳаўазы, оның жүректен шығыўы радионың имканиятын кескин асырады. Баспасөздиң

жолы болса, тийкарынан логикалық дәлийлден ибарат, бундай тәсирге мәлим дәрежеде көринисте қосылады: газетадағы сүўретлер, реңлер ҳәм т.б.

*Психологиялық тәсир технологиясы. Жоқары технология ҳәм ғалабалық коммуникация.* Психологиялық тәсир информацияны қабыл етиў жоллары менен байланыслы: көриў, еситиў, ийис сезиў, дәм сезиў, пикирлеў ҳәм т.б. Информация қәўипсизлиги мәселесине келгенде, психологиялық тәсир көбирек ҒХҚ жәрдеминде әмелге асырылады, соның ушын олар илимпазлар тәрепинен тереңлестирилмекте. Нәтийжеде раўажланған мәмлекетлер баспасөз, радио ҳәм телевидениениң барлық имканиятларын өзинде сәўлелендирген Интернеттей жоқары технологияға ийе болды. Интернет ғалабалық коммуникация тәсирин ең бәлентке көтерди. Сайтқа жайластырылған мағлыўмат бирден пүткил дүнья бойынша тарқалып кетеди. ҒХҚ ның роли интернетке шекем де, ҒХҚнан басқа Интернет реклама, мағлыўматлар жеткериў электрон почта хызметин де атқарады.

*Интернеттиң пайда болыўы ҳәм Интернет журналистикасының раўажланыўы.* Тийкарынан дәслепки басқышта Интернетти АҚШ тағы 4 университет пайда етти. Бул университетлер компьютерлерди бир дизимге бирлестирип өз-ара китапханаларынан пайдалана баслады. Пентагонда болса онын иманиятлары үйренилип, оннан әскерий базаларды шөлкемлестириў мақсетинде алымларды тартып, оларға барлық шараятларды жаратып, Арпанетти (интернеттиң биринши аты) өз мақсетлерине қаратты. Узаққа бармай оннан журналистлерде пайдалана баслады. Нәтийжеде Интернет журналистикасы пайда болды. Интернет журналистикасы- үлкен ҳәм әҳмийетли тема. *Интернеттиң қолайлықлары*: арзан, оператив, техникалық жақтан материалларды жайластырыў қыйын емес, мағлыўматларды үлкен көлемде де орнатыў

мүмкин. Оларды түрли тиллерге аўдарыў аңсат, информация шегара ҳәм узақлықты билмейди ҳәм т.б. *Кери тәсирлери:* қәлеген Адам қәлеген информация менен виртуал майданға тосықсыз кирип келиўи, террористик ҳәм порнографик мағлыўматлардың жүдә көплиги, косиополитик идеялар ҳәмде "универсал мәдений" кең тарқалыўы, мәмлекет ролиның пәсейиўи, тармақ жәрдеминде демократик фундаментализмнин раўажланыўы ҳәм т.б.

*Нейролингвистикалық дәстүр ҳәм үзликсиз эфирге жиберилетуғын телевизион хабарлар нәтийжесинде түрли миллет ҳәм халықлар санасына тәсириниң өсиўи.* Нейролингвистикалық дәстүрди айырым илимпазлар «оған ҳеш нәрсени қарсы қойып болмайтуғын шприц тәсири» не уқсады. Бундай уқсатыўда мәлим бир ҳақыйқат бар. Егер қандайда бир идеяны жалған болса да ҒХҚ ҳәдден тыс көп ҳәм түрли формада тәкирарлай берсе, аудитория бара-бара оған исенетуғын болады. Ҳәр түрли усылларда бәрше ҒХҚ да мәлим бир пикирди тәкирарлаў адамның санасына тәсир етеди ҳәм ол усы пикирге исенеди. Буны илимпазлар *нейтролингвистикалық дәстүрлеў* деп атайды. Егер радио, телевидение ҳәм баспасөзде айырым мәмлекет еки шахс ҳаққында қайта-қайта қандайда бир туўры емес баҳаны тәкирарлай берсе, түрли мәмлекетлердеги халықлар, ҳәр қыйлы миллетлер соған бара-бара исенеди. Нейролингвистикалық дәстүрлеў ушын ең қолайлы ғалаба хабар қуралы- телевидение. Себеби, ол аудиторияға бир ўақыттың өзинде 3 усыл арқалы тәсирин өткереди. АҚШ коммуникативистлери телевидениени ҳәтте, транквилизаторға да уқсатады.

*"Мәдений басқыш" ҳәм "Инсан ҳуқық"лары экспанциясы түсинигиның әҳмийети ҳам оның пайда болыў түрлери*. "Мәдений басқыш" ҳәм "Инсан ҳуқық"лары идеялары Батыста пайда болып, Батыс мәмлекетлери тәрепинен пүткил дүнья бойынша тарқатылмақта. Бул жүдә қыйын ҳәм нәтийжесиз жағдай. Самюэль Хантингтонның "Мәдениятлар

соқлығысыўы" атамасындағы көпшиликке таныс мақаласы бар. Түрли жәмийеттиң мәдений қадириятларын үйрениўге бағышланған жүз шығарманы салыстырыў усылда үйренип шыққан автор сондай пикирге келген, Батыс жәмийетинде ең итибарға алынып атырған қәдириятлар дүньяның қалған бөлиминде ең төмен әҳмийетке ийе екен. Сиясий жақтан усы қарама-қарсылық АҚШ ҳам басқа Батыс мәмлекетлери тәрепинен басқа халықларды демократия ҳәм инсан ҳуқықларына тийисли идеяларды қабыл қылыўға мәжбүрлеў нәтийжесиз екенлигин көрсетпекте.

*Жаңалық оның көриниси ҳәм түрлери. Шегераланбаған журналистика; жаңалықларды тиклеў жоллары, фактлерди тәртиплеў ҳәм анализ етиў.* Жаңалықлардың көринислери ҳәр түрли болады: ўақыя, ҳәдийсе, сан, фамилия, лаўазымлар, репортажлар, мағлыўматнамалар ҳәм т.б. Бүгинги күнге келип жаңалықларды жеткериў усыллары идеялар гүресиниң үлкен бир жөнелисине айланып қалды. Бул бөлимде тек журналистлер емес, олар менен бирге сиясатшылар, политехнологлар, экономистлер, психологлар, қулласы ғалабалық хабарды халыққа жеткеретуғын барлық қәнийгеликлер шебер болып кеткен.

*Информация урысының қәсийетлери:* биринshиден, информация қуралын ислеп шығыў, онша қымбат емес ҳәм исти түрли тараў қәнийгелериниң орынлаўы мүмкин. Екиншиден, шегаралардың тәсири мәмлекетлер, нызамлы ҳәм нызамсыз ҳарекетлер әскерсиз урыслар арасында ҳәм т.б. Үшиншиден, гүрестиң алдын алыў илажсызлығы. Төртиншиден, зыянды есаплап шығыў қыйыншылығы. Бесиншиден, әскерий блоклар, бирлеспелер дүзиў қыйыншылығы ҳәм т.б.

*Информация қуралы, оның өзине тәнлиги, заманагөй дүньяда оны пайдаланыў имканияты ҳәм көлеми.* Информация қуралының тар ҳәм кең мәнилери бар. Кең мәниде информация қуралы деп- қарсыласты керекли жөнелисте пикирлеўге ийтермелейтуғын, оның пикирин өзгертетуғын ҳәм

керекли информация жәрдеминде әмелге асырылатуғын ҳәрекетлерге айтылады. Тар мәнисинде информация қуралы деп-қарсыласының информация үстинен бақлаў ҳәм оның телекоммуникациялары системаларына зыян жеткеретуғын техникалық усыллар ҳәм технологияларға айтылады. Демек, информация қуралы-бул қарсыластың информация ҳәм басқарыў системаларына тәсир етиўши арнаўлы қурал.

*Информациялық қарама-карсылықтың мақсети, қуралы ҳәм түрлери, оны бақлаў, жәмийеттиң улыўмалық жағдайына келтиретуғын психологиялық зыянлары***.** Информациялық қарама-қарсылықтың мақсети-дүньялық информация майданында миллий мәплерди қорғаў. Бул мақсетке ерисиў ушын түрли мәмлекетлер тәрепинен түрлише усыл әмелге асырылады. Технологиялық жақтан күшли мәмлекетлер ҳүкимранлық қылыўға умтылады, раўажланып атырған мәмлекетлер болса, өзин қорғаўға ҳәрекет қылады. Еки тәрепте өзине қолай келетуғын усыллардан пайдаланады.

*Ғалабалық коммуникация-сырт ел ҒХҚ информация экспансиясынан қорғаныў, пикирлеў ҳәм өзин тутыў қуралы сыпатында.* Сырт ел ҒХҚ экспансиясынан қорғаныў ушын ең қолайлы шаралардан бири-жергиликли ҒХҚ ы. Өзбекстан шараятында буның ушын миллий газета, радио, ТВ имканиятлары бар. Тек олардан нәтийжели пайдаланыўымыз зәрүр.

*ҒХҚ орталығында халық-аралық коорпорация; дүнья жәмийети ҳәм айырым мәмлекетлерде жәмийетшилик пикирин раўажландырыў механизми сыпатындағы орны***.** ҒХҚ тараўында халық-аралық коорпорациялар кем ҳәм олар дүнья бойынша информация тарқатыў барысына үлкен тәсир көрсете алмайды. Бундай ҒХҚ сыпатында Си-Эн-Эн Би-Би-Си, Евроньюс, ҳәм ТВ-5, Ассошитэйд Пресс ҳәм Франс Пресс, Рейтер ҳәм Итар-Тасс, Америка ҳаўазы ҳәм Дойче Веллеларды тилге алыўымыз орынлы болады. Усы информация агентликлери: АҚШ, Уллы

Британия, Франция, Германия ҳәм Россияларға тийисли болып, олар тек ғана жоқары тезлик ҳәм үлкен көлемде емес, соның менен бирге түрли тиллерде мағлыўматларды тарқатады. Мәселен, Би-Би-Си телерадиокоорпорациясының өзбек тилиндеги сайты, Америка ҳаўазы радиостанциясының болса, өзбек тилиндеги бөлими бар. Биз олардың Өзбекстан ҳаққындағы тарқататуғын материалларына итибарсыз бола алмаймыз.

*Сырт ел баспасөзи, ТВ, радио ҳәм интернеттиң тийкарғы қәдириятлары. Сырт ел ҒХҚ ның халыққа тәсир көрсетиў жолы, түри ҳәм усыллары.* Ҳәр бир халық яки миллет тарийхый раўажланып келген ҳәм көп әсирлик жасаў усылының қайсысы туўры, натуўры екенлигин дәлийллеп берген. Бирақ, бир халыққа тийисли бундай "демократиялық фундаментализм" көпшилик тәрепинен қабыл қылынбайды. Егер сырт ел ҒХҚы Өзбекстан аймағында улыўма инсаныйлық қәдириятларды тарқатыўға жәрдемлессе, олар Өзбекстанлылар тәрепинен жақсы қабыл қылынады. Буған мысал етип, мәмлекетимизде көп жылдан берли ис жүритип киятырған Конрад Аденауэр яки Фридрих Эберт шөлкемлерин айтыў мүмкин.

*Жәмәәт руўхияты ҳәм оның өзине тән қәсийетлери. Информация манипуляциясы, оның мақсет ҳәм ўазыйпалары, қағыйда, усыл ҳәм түрлери. Жәмәәтшилик пикирине тәсир етиўши информацияның жәмийетлик фономени. Ғалабалық аудиторияға психологиялық тәсириниң усыл ҳәм түрлери*. Бөлек бир адамның руўхыяты жәмәәт руўхыятына тең емес. Ең қызығы сонда, жәмәәт руўхында санасызлық дәрежеси бәлентрек. *"Ум хорошо, два лучше (бир ақыл жақсы, еки ақыл жәнеде жақсы)"* деген рус мақалы ғалаба хабар қураллары хабарларының ғалабалық қабыл қылыныўына туўры келмейди. Информация манипуляциясына келгенде, усы мәселе бойынша бир қанша китаплар шығарылған. Биз,

манипуляцияның айрым кем тилге алынатуғын түрлерин айтыў менен шегараланамыз. Булар: абстракт, түсиниксиз пикирлеў, реал фактлерди кери пикирлер менен тамамлаў ҳәм т.б.

*Информациядан пайдаланыў мәденияты түсиниги, дүзилиси ҳәм әҳмийети***.** Информациядан пайдаланыў мәденияты ҳеш қашан өз-өзинен келмейди. Биринshiden, информация пайдаланыўшылары жоқары жеке мәдениятқа ийе болыўы лазым. Екиншиден, ҒХҚ ҳәм басқа орынлардан келген мағлыўматты мәнисин шағып, оның авторларының мақсетлерин аңлап алыў керек. Үшиншиден, қәнигелик өсиў ҳәм жеке дүньяқарасын раўажландыратуғын мағлыўматларды алып, керексиз информацияны тез естен шығарыў зәрүр ҳәм т.б.

## Информация тараўында миллий қәўипсизликти тәмийинлеў системасының компонентлери ҳәм мазмуны

Инсаният информация ағымы тезлескен, жер шары халқы кейпиятын, руўхыятын, мақсетин ҳәм утысларын, қала берсе, пүткил раўажланыў тәризин өзгерте алатуғын информация технологиясы жүзеге келген бир дәўирде жасамақта. Бул ҳәзирги заман цивилизациясының өзине тән утысы.

Халықлар, мәмлекетлер өз-ара мүнәсибетлерин жақынластырыўға, жәҳән жәмийетлик сиясий процесслерин басқарыўға, дүньялық кейпият ҳәм дүньялық руўхыят жүзеге келиўине хызмет қылатуғынлығы әжайып ҳәдийсе.

*Бирақ, цивилизацияның әне, усындай үлкен кең дәрежеде ҳәм ҳәр тәреплемеликке ийе жетискенликлеринен ким қандай мақсетлерде пайдаланып атыр? Оның бийтәкрар қүдиретин ҳәм күшин нелерге жумсап атыр?*

Улыўма алғанда, инсаният раўажланыўы кеңейип, илим ҳәм техника раўажланыўы жеделлескен сайын инсаният өзиниң уллы жаратыўшылық қүдиретин көрсетпекте. Соның менен бирге, өзиниң басын өзи ауыртатуғын, өз өмирине өзи қәўип салатуғын, өз ғәрезсизлигине қәўип салатуғын жағдайларға да дус келмекте.

Инсаният жазыўды жаратқанға шекем шама менен үш миллион жыл ауызеки байланыста болған болса, оннан 5000 жыл кейин ғана санаат тийкарында китап басып шығарыўды үйренди. Оннан 500 жыл өтип телефон, радио ҳәм телевидениеге ийе болды. Дәстурий еситиў, көриў қуралларынан компьютерге өтиў ушын болса, тек ғана 50 жыл ўақыт керек болды. Усы тарийхый ҳақыйқатлықтың өзи инсан идеялогиясының раўажланыўы, илим ҳәм техника раўажланыўы менен байланыслы болған дүньялық өзгерислер динамикасын көрсетеди.

Компьютерлердиң жүзеге келиўи болса, пүткил жер шарын жалғыз информация мәканына айландырды, нәтийжеде ҳәр бир мәмлекет тәғдири менен де, пүткил дүнья тәғдири менен де байланыслы болған информация қуралы жүзеге келди.

Бүгин Өзбекстан әне, усы бирден-бир информация системасының актив субъектине айланды. Оның дүнья менен байланысы жәҳән жәмийетлик-сиясий процесслерине қатнасы, мәмлекетлер аралық мүнәсийбетлер, сиясий, экономикалық-жәмийетлик ҳуқықый ҳәм мәдений байланыслар улыўма дүньялық информация системасы қурамында әмелге асырылмақта. Бул электрон почта, электрон информация алмасыў системалары арқалы ҳәм миллий ҳәм дүньялық проблемаларды шешиўде хызмет нәтийжелигин асырыўда, ўақытты үнемлеўге, финанслық қәрежетлердиң кескин кемейиўинде, қала берсе, заманагөй информация алмасыўда үлкен нәтийже бермекте.

Бирақ, бул процесс бир қатар проблемалардан да жырақ емес.

Мәселен, жәҳән информация системасынан пайдаланыў дәрежесиниң пәслиги. Интернет системасының раўажланбағанлығы, оннан пайдаланыў дәрежесиниң пәслиги көзге тасланбақта. Лекин, мәселениң екинши тәрепи де бар. Бул информация базарынан пайдаланыў барысында уқыпты да талап етеди. Себеби, базардың әпиўайы ҳақыйқаты сонда ҳәр ким тапқанын саўдаға шығарады. Сыпаты, модасы, реңи, дәми яки пайдалы тәрепин таңлаў қарыйдардың ықтыярында. Әне, усы турмыс нызамы көзқарасыннан алып қарайтуғын болсақ, жәҳән информация базасында бизиң мәплеримизге қарсы келетуғын, миллий қәдириятларымызды, дәстурлеримизди, турмыс тәризимизди менсинбейтуғын информациялар да көбейип, турмысымызға кирип келмекте. Бул өз-өзинен информация тараўында миллий қәўипсизликти тәмийинлеў машқаласын келтирип шығарады.

Ҳәзирги заман информация системалары, оның жүдә кең имканиятларынан келип шығып айтыў мүмкин, Өзбекстанда информация алыў, топлаў, пайдаланыў ҳәм тарқатыўдың улыўма миллий мәп ҳәм раўажланыў көзқарасынан басқарыў имканиятын жаратыў, оның мәнисин терең аңлаў зәрур болып қалмақта. Усындай турмыс мүтәжлигинен келип шығып, информация тараўында миллий қәўипсизликти тәмийинлеў системасын жаратыўдың төмендеги усылларын қоллаў зәрүр деп есаплаймыз.

**Биринshiден,** социологиялық бағдар. Бунда информация алыў ҳәм тарқатыў процесинде жәмийет раўажланыўында информация жәмийетлик ўәкил сыпатында келип шығып, жәмийетте қәлиплесип атырған жәмийетлик сана баҳалары, жәмийетлик раўажланыў дәрежеси ҳәм оның абзаллықларын үйрениўди жолға қойыў керек. Халықтың түрли қатламлары көзқараслары, басқа жәмийетлик жағдайлары тийкарындағы пикирлеў тәризин анықлап барыў зәрүр.

**Екиншиден,** статистик бағдар, көп миллетли мәмлекетке, тийкарынан, 130 дан артық миллет ҳәм елат жасайтуғын, 20 ға жақын диний конфессиялар хызмет көрсететуғын Өзбекстанда миллетлер аралық ҳәм динлер аралық урысларды, түрли сиясий мәплер ҳәм бузғыншы идеялар тәсиринде келип шығыў мүмкин болған сиясий қарсылықларды оятып барыў.

**Үшиншиден,** сиясий конфликтология ҳәм сиясий психология. Информациялық-психология қәўпи ҳәўиж алып атырған бир пайытта бузғыншы адамлар инсан санасы ҳәм инсаният раўажына өз тәсирин өткизип атырған бир шараятта, сиясий урыслар келип шығыўы мүмкин болған дереклерди үйрениў, усылларды анықлаў ҳәм де оның нәтийжесинде жәмийетте формаланыў мүмкин болған жәмийетшилик пикир, сиясий қараслар, инсан руўхияты, жәмийетлик-сиясий психологияны изшил рәўиште үйренип барылыў лазым.

**Төртиншиден,** ой-пикир системалы, функционал түрде анализ етилиўи керек. Информация системасы, тийкарынан, информациялық-психология тәсири информация сиясаты системасы ҳәм қуралының әҳмийетли бөлеги сыпатында баҳаланыўы лазым. Турмысқа усындай тәризде илимий-аналитикалық, теориялық ҳәм әмелий нәтийжелер шығарыў керек. Тығыз информацияласқан жәмийетте информация ағымы тәсиринде қәлиплесип атырған жәмийетлик пикир изшил үйренилиўи, оның предмети ҳәм методологиясын ислеп шығарыў әҳмийетли мәселе.

**Бесиншиден,** информация системасында миллий ғәрезсизлик идеясының үстинлиги. Ҳәр қандай пухара информация базарынан «өним» таңлаў процесинде оның қәлбинде, руўхиятында, кейпиятында, минез-қулқында, булардың бәрисиниң нәтийжеси сыпатында идеологиялық иммунитет үстемлигин тәмийинлеў. Әлбетте, Өзбекстанда ғәрезсизликтиң өткен 17 жылы даўамында ҒХҚ тараўында қурамалы өзгерислер жүз

берди. Ең дәслеп, ҳәр бир пухараның сөз ҳәм пикир еркинлиги, информация алыў ҳәм тарқатыў ҳуқықы Конституция менен кепилленди. ҒХҚ бойынша бир қатар нызамлар жаратылды ҳәм әмелде қолланылмақта. Ғәрезсиз басылымлар саны кескин көбейди. Булардың ҳәммеси мәмлекет ишки турмысында миллий хабар системасының өзине тән раўажланыўынан дерек береди. Соның менен бирге, Өзбекстан жәҳән хабар системасында пайдаланыўдың ең заманагөй ҳәм тез ислейтуғын технологиясы пайда етилди. Бул тек ғана мәмлекет ҳәм ҳәкимияттың, рәсмий мәкемелердиң емес, бәлким, мәмлекетлик емес шөлкемлер, ҳәтте, өз алдына пухаралардың дүнья информация базарына биймәлел кириў ҳәм оннан биймәлел пайдаланыў имканиятын береди.

Информация тараўында миллий қәўипсизликти тәмийинлеў жәмийетлик қәўим, миллий анализ, раўажланыўға тосқынлық сыпатында баҳаланыўын ҳәм оған қарсы күшли механизм жаратыў талап етиледи. Бунда мәмлекет информация сиясаты өз алдына әҳмийетке ийе. Әлбетте, Өзбекстанда информация системасы, оларды басқарыў, оннан пайдаланыў барысында қатар нызамлар бар. Солар қатарында информация алыў кепилликлери ҳәм еркинликлери, электрон почта ҳәм тағы басқа бир қатар нызам ҳәм ҳүжжетлер қабыл қылынды. Бирақ, булар жетерли емес. Заманагөй информация технологиялары раўажланып, информация алыў, сақлаў, тарқатыў усыллары, услублары кеңейип бармақта. Бул пүткил көлеми менен әмелдеги өз көринисин тапқаны жоқ. Мәселениң екинши тәрепи де бар. Өзбекстанда ҳәзирги бар болған жәмийетлик пикир, жәмийеттиң улыўма, сиясий дәрежеси заманагөй информация қәўпи де оған шыдам бере алмайды. Анығырағы, оның пүткил көлемин, негизин, информация астындағы жасырын идеяның информация тарқатыўшы деректиң мақсетин жетерли дәрежеде баҳалай билмейди. Нәтийжеде, хабар базарында бар болған тийкарлы, анық пикирлеўге шақыратуғын,

раўажланыўға жәрдем беретуғын информацияларды жетерли қабыл қыла алмайды. Керисинше, жеңил желпи, сенсациялы, кепиллик ҳәм ўақыяларды бөриттирип көтерип шыққан хабарлар көбирек берилип кетеди. Бул машқалаларды шешиў ушын төмендегилерге итибар бериў лазым:

- ҒХҚда ҳәзирги ҳәрекет етип турған тил, стиль ҳәм усылларды өзгертиў. Турмысымызға жақын, ең әпиўайы пухара қәлби ҳәм руўхыятына сай келетуғын халықшыл усылларды қәлиплестириў лазым.

- Жәмийетти, оның ҳәр бир ағзасын информация қуралларына қызықтырыў жолы менен информация арқалы жүзеге келетуғын руўхый азық, басқаша қылып айтқанда, бузғыншы идеяларға ериўге шек қойыў лазым. Идеяға қарсы идея, пикирге қарсы пикир, зулымлыққа қарсы билим ямаса әлпайымлылыққа ерисиў лазым.

- Информация тараўында миллий қәўипсизликти тәмийинлеў мақсетинде пухаралық жәмийет институтлары, жәмийетлик шөлкемлер хызметин және де беккемлеў, сөз ҳәм пикирлердиң тәсиршеңлигин еледе асырыў керек. Әлбетте, информация тараўында миллий қәўипсизликти тәмийинлеў ең пайдалы жоллардан бири- туўрыдан-туўры ҳәр қандай бузғыншы идеяларға, жәмийетлик пикирди бузатуғын хабарларға тийкарлы тәризде қарсы тура билиў.

Ҳәзирги заман хабар системаларында сондай ҳәдийселер бар, оған қарсы шығыў бир жақта турсын, оны басқарыў, тәртипке салыў да мүмкин болмай қалмақта. Демек, бундай шәриятта ең пайдалы усылларды ислеп шығыў зәрүр. Олар төмендегилер:

-**Бириншиден,** жәмәәтшилик пикирин *өзгертетуғын* ямаса *шалғытатуғын* информациялар сырттан өзине тән қараўға ийе болып мәканлардан келетуғынын нәзерде тутып, информация тарқатыў барысында урысларға жол қоймай, оларға тәжирийбе ҳәм мәденият арқалы

жантасыў. Бийпарқлық, тынышлықты сақлаў, миллий намыс, инсаният пенен байланыслы имканиятларымызды көрсетиў жолынан барыў. **Екиншиден,** соны нәзерде тутыў керек, ҳәр қандай ҳүжимли ҳәм бузғыншы идеяға қарай өз ўақтында мөлшерди анық алыў мүнәсебет билдириўде сезимлерге берилмеў, артықша шаўқымларға жол қоймастан басықлық, күшли тәсир өткизиў усылларын өзлестириў лазым.

XXI әсир цивилизациясы нәтийжесинде инсаният турмысы информациялық психология қәўпи күйшейип атырған процессти бастан кешириўде. Бул әсиресе, раўажланыў жолына шығып алған Өзбекстандай, Қарақалпақстандай жас, ғәрезсиз мәмлекетлерге күшли зыянлы тәсир өткериўи мүмкин. Себеби, ҳәр қандай тийкарсыз, бузғыншы идеялар өтиў дәўримизге тән болған жүзеки кемшиликлерди ҳәм өткинши жәмийетлик-экономикалық нуқсанларды бөрттирип көрсетип, жәмийетлик тәсирин шалғытыў, оның ғәрезсизлигине исенимин төменлетиўи мүмкин.

Миллетлерди жоқ қылыў, олардың тамырлырын қырқып таслаў, миллий қәдириятларды, дәстурлерди ҳәм үрип-әдетлерди жоқ қылыў менен мәмлекетлерди басып алыў цивилизациялық ҳәдийсеге айланды. Бундай мақсетти әмелге асырыўда информация системасынан пайдаланыў кең ҳәўиж алып бармақта. Өзбекстан болса, усы процессте өзиниң жаңадан-жаңа имканиятларын, ақылый хызметлерин, өзин- өзи қорғаў ҳәм ҳәр қандай қарсылықларға беккем тура алыўы керек. Бирақ, бул жетерли емес. Анық нәтийжелерге ерисиў ушын төмендегилерге итибар бериў лазым деп ойлаймыз:

-Инсанның шахс ҳәм пухара сыпатындағы имканиятларын әмелге асырыў ҳәм оны қәлиплестириў;

-Инсанның өзин-өзи қорғаў инстинктин өзин-өзи басқарыўын қәлиплестириў;

-Өз алдына адамлар, топарлар, қатламлар аралық мүнәсибетлерди

және де жетилистириў;

-Жәмәәтлер бирлигин, улыўма шаңарақ, мәмлекет тәғдири ушын жууапкершиликти сезиў;

-Миллетине ҳәм динине қарамастан Өзбекстан пухарасы болып, ҳәр бир шахстың келешеги ушын жууапкерлигин тәмийинлеў;

-Келеп шығыўы мүмкин болған келиспеўшиликлер, тийкарлы бағдарлары, оның раўажланыў динамикасын излениўшилик пенен үзиликсиз рәўиште үйренип барыў.

Усы тәризде, әлбетте, информация тараўында миллий қәўипсизликти тәмийинлеўдиң Өзбекстан тәжрийбеси беккемленип бармақта. Бундай раўажланыў барысында Өзбекстан усы цивилизациялық прогресстиң ең пайдалы, ең утымлы ҳәм инсан мәпи ушын хызмет қылатуғын усылларынан және де көп пайдаланыў имканиятларын излестирмекте.

## Информация урысы: мақсетлери, қураллары, түрлери, тийкарғы жоллары

*«Ҳәр қандай урыс-сиясаттың даўамы, бирақ ол басқаша усыллар менен алып барылады.»*

(К. Клаузевец, немис әскерий-сиясий ўәкили)

Информация - ҳәр бир индивид ҳәм жәмийеттиң социаллық хызмети, өз-ара байланысы ҳәм раўажланыўы ушын фундаментал ҳәм де жүдә зәрүр қурал есапланады.

Информация әсири-деп ат алған жаңа XXI әсирдиң тийкарғы ураны-миллет, жәмийет ҳәм мәмлекеттиң интеллектуал қарама-қарсылығын тәмийинлеў.

Изертлеўлерге қарағанда XXI әсирде жумыс ўақтының ярымынан көби информацияларды сақлаў, қайта ислеў ҳәм тарқатыўға сарыпланады.

Соңғы 50 жыл даўамында дүньяда информацияларды (мысалы 30 бетлик теманы бес мың км аралықта) тарқатыў тезлигин 300 мың мәрте асты, баҳасы болса 1000 мәртеге арзанлады. Бул процесс еледе тезлик пенен даўам етпекте.

*Миллий мәп: әҳмийети ҳәм мазмуны.* Өмиршеңлик әҳмийетке ийе болған миллий мәплер-миллеттиң мәдений тарийхый бирлик сыпатында өзин-өзи сақлай алыўын, миллий қәдриятлардың, социаллық ҳәм мәмлекетлик институтлардың қорғанғанлығы, мәмлекет ғәрезсизлиги ҳәмде шахс, жәмийет ҳәм мәмлекеттиң турақлы раўажланыўын тәмийинлеў менен байланыслы болған мүтәжликлердиң тереӊ аңлап жетилген ҳәм сәўлеленген бөлими.

Тереңирек мәнисинде, Өзбекстанда мәмлекет қурылысы, социаллық раўажланыў мақсетлерин өзинде сәўлелендирген тийкарғы миллий мәп бул-халық тынышлығы, Ўатан келешеги ҳәм халық абаданшылығын тәмийинлеў менен байланыслы.

Халық-аралық информация мәканында еледе информация қәўипсизлиги түсиниги, информация қәўипсизлигин тәмийинлеў мәселелери тийкарында алымлар, сиясатшылар, әмелиятшы қәнигелер ортасында бир пикирге келингени жоқ. Бирақ, бул мәселени тезирек шешиў зәрүрлигин көп қәнийгелер төмендегише деп есаплайды:

- Айырым қәнийгелер айналасында;
- Мәмлекет сиясаты дәрежесинде;
- Халық- аралық ҳәм аймақлық шөлкемлер айналасында.

Соның менен бирге, мәмлекетимиз ҳәм басқа мәмлекетлер тәжирийбесинен келип шығып айтыў мүмкин, информация қәўипсизлиги:

- бул шахс, жәмийет ҳәм мәмлекет мәплериниң информация саласындағы түрли қәўиплерден күшли ҳәм жетерли дәрежеде қорғалыўы.

*Информация саласындағы миллий мәплер:*

- халықтың информациялардан пайдаланыў имканиятлары ҳәм оның қорғанғанлығы, жәмийеттиң руўхый жаңаланыўының тәмийинлениўи, миллий қәдириятлардың үрп-әдетлер, Ўатансүйиўшилик ҳәм инсансүйиўшилик, сондай-ақ, мәмлекет мәдений ҳәм илимий салалардың сақлап қалыныўы ҳәм беккемлениўи;

- мәмлекет сиясатының информация көз-қарасынан тәмийинлениўи;

- мәмлекетте заманагөй информация технологияларының, информация индустриясының раўажланыўы, миллий информация ресурсларынан утымлы пайдаланыўының тәмийинлениўи;

- мәмлекет информация ресурсларының нызамсыз қәўиплерден қорғанғанлығы, миллий информация ҳәм телекоммуникация, дүзилислери қәўипсизлигин беккем ҳәм жетерли дәрежеде тәмийинленгенлиги.

**ИНФОРМАЦИЯ УРЫСЫ ДЕГЕН НЕ?**

Информация урысы-ҳәзирги заман дүнья сиясатының тийкарғы усылларынан, сиясий ҳәм экономикалық ҳүкимранлыққа ерисиў, халықтың психологиялық (руўхый) ҳалатына мақсетли тәсир өткизиў усылларынан бири. Бул, сондай-ақ инсан тәбиятының төменги бузғыншы тәреплерин де өзинде сәўлелендиреди.

Информацияны сақлаў, қайта ислеў ҳәм тарқатыўдың техникалық имканиятлары тез раўажланған сайын информация көп ҳалларда «жаўыз» нийетли сиясий күшлер қолындағы жүдә қәўипли «қуралға» айланып бармақта.

Түсиникли етип айтқанда, жылдан жылға раўажланып баратырған информациялық-психология ҳәм коммуникатив технологиялардан геосиясий мақсетлер жолында пайдаланыў арқалы, мәлим бир информацияны (мысалы, халықтың дәстурий ҳәм руўхый қәдириятлары системасын өзгертиўге бағдарланған информацияларды) «тийисли» жәмийетлик аймақта узақ ўақыт «көпиртип» турыўға қаратылған

ҳәрекетлер бағдарында жәмийет ҳәм мәмлекеттиң өмирлик хызметине күшли қәўиплер бар.

**ИНФОРМАЦИЯ ҚӘЎИПЛЕРИН ӘМЕЛГЕ АСЫРЫЎ ҮСКЕНЕЛЕРИ**.

- Басқарыў системасына бағдарланған үскенелер (яғный: «ҳәкимият системалары үстинен бақлаў» орнатыўға урыныў);
- Халықтың санасын «қайта программаластырыў» үскенелери (яғный ҒХҚ ҳәм басқа баспа қураллары арқалы халықтың қәдириятлары системасын ҳәм жәмийетлик ориентирлерин өзгертиўге умтылыў);
- Экстремизмнен ҳәм терроризмнен информация қәўпи қуралы сыпатында пайдаланыў;
- Экономикалық басқарыў қуралы (яғный: экономикалық «урыслар» жүзеге келтириўи арқалы мәмлекет экономикасына зыян жеткизиў);
- Түрли «финанслық жәрдем дәстүри»нен қурал сыпатында пайдаланыў;
- Улыўма даўыс бериў системасы (яғный: түрли сайлаўлар процесслерине басым өткизиў мақсетинде информация қәўпин орнатыўға умтылыў);

*Өзге мәмлекетлерде информация қәўпин күшейттириўден тийкарғы мақсет:*

- Информация қәўпи яки «жасырын урыслар»ды пәт алған ҳәрекетлер бағдарланған мәмлекетлер аймағы руўхыятын төмендеги басымда өткизиў;

- Усы мәмлекетлерде жәмийетлик-сиясий тәрепти миллетлер аралық ҳәм динлер аралық мүнәсибетлерди изден шығарыў;

- Мәмлекет қарарысыз сиясий жағдай жүзеге келген болса, усы мәмлекеттиң басқа мәмлекетлерге қарама-қарсы болған «өзге режелер ҳәм пикирлерин» мәжбурий қабыл қылдырыў;

## СЫРТҚЫ ИНФОРМАЦИЯЛЫҚ-ПСИХОЛОГИЯ ТЕКСЕРИЎИНЕ ТӘСИР ӨТКИЗИЎ:

Бул сыртқы информация акциясы қаратылған мәмлекет аймағының (сиясий элитаның) руўхыяты ҳәм ҳәрекетине, жәмийетлик информация-технологиялық аймақтың хызметине ҳәм раўажланыўына тәсир көрсетиўши ҳәм анық мақсетлерге тийкарланған информацияны «ислеп шығарыў» ҳәм тарқатыў демекдур.

Бүгинги күнде информациялық-психология гүреслери (өз-ара гүреслер) жоқары интеллектуал қәсийетлеринде төмендеги тараўларды орап алған:

-сиясий;

-дипломатик;

-финанслық-экономикалық;

-әскерий.

Дүнья информация мәканының глобалласыўы шараятында анық мақсетлерге бағдарланған сыртқы информация қәўиплери объектине түсип қалған мәмлекетлер алдында турған стратегик ўазыйпа соннан ибарат, мәмлекеттиң миллий мәплерин (дәслеп экономикалық мәплерди) информация майданында күшли турып, анық қорғаў ҳәм бул жолда тийкарғы усыллардан (сиясий, дипломатик, экономикалық ҳәм басқа усыллардан) кең түрде ҳәм ақыллылық пенен пайдаланыў.

*Информация тараўында қәўипсизликти тәмийинлеў ушын*:

- мәмлекет аймағын информациялық-психология басымларынан ҳәм қәўиплеринен сақлаў;

- информацияның өзин, миллий информация системасын басқарыў, экономика, банк, әскерий ҳәм басқа системалардағы информацияларды сыртқы информация қәўиплеринен жетерли дәрежеде ҳәм беккем қорғаў зәрүр.

Информация саласындағы қәўипсизликти тәмийинлеўдиң тийкарғы усыллары: ҳуқықый, техникалық ҳәм экономикалық усыллар.

*Информация қәўипсизлигин тәмийинлеў барысында қәнигелерге қойылатуғын тийкарғы талап ҳәм ўазыйпалар*:

- өз хызмети, ҳәрекетлери ҳәм имканиятларын бәрҳама бақлап барыў;
- информация сақлаў барысында орнатылған барлық тәртиплерге әмел қылыў;
- өзине, өз күши ҳәм имканиятларына исениў;
- сергеклик;
- информацияны жыйнаў, анализ қылыў барысында өз системасын жаратыў.

**Орайлық Азияда информация қәўиплери процессинде күшейиўи мүмкин болған сыртқы қәўиплер**

- Мәмлекет ишки ислерине араласыў, оның ғәрезсизлиги ҳәм аймақлық жақынлығына түрли көринистеги жаўызлықлар;
- Даўамлы аймақлық мәселелер, теңлик ошақлары, қоңсы мәмлекетлердеги тынышсызлықлар ҳәм қураллы қарама-қарсылықлар;
- Аймақта жетекши мәмлекетлердиң миллий мәплериниң кесилискенлиги;
- Аймаққа тутас қатар мәмлекетлердиң ядро қуралы хәм басқа ғалаба қырғын қуралларына ийелик қылыўға умтылыслары ҳәм т.б.

Заманагөй қәўиплердиң және бир түри-сырт ел мәмлекетлериниң, әсиресе шығыс мәмлекетлериниң өз геосиясий мәплерин илгери сүриў ҳәм тәмийинлеў мақсетинде «гуманитар интервенция», «революциялық демократия»ны әмелге асырыўға умтылыўлары менен байланыслы.

Бундай мақсетлерде олар «Демократия, еркинлик ҳәм абаданлақты илгери сүриў» концепциясы нықабы астында әмелге асырыўға урынбақта.

Бул ҳаққында институционал (БМШ, ЕИ, ЕҲХТ ҳәм олардың институтлары) ҳәм институционал емес (ННТ, халық-аралық шөлкемлер информация қураллары ҳәм т.б.) механизмлерден пайдаланылмақта.

- Орайлық Азиядағы интеграцион процесслерге тосқынлықлардың бар екенлиги, мәмлекетти сиясий ҳәм экономикалық тәрептен шеклеўге урыныўлар, оның тийкарғы әҳмийетине ийе болған улыўма жәҳән аймақлық мекемелерди шешиўде толық қатнасыўына тосқынлық қылыў;
- Мәмлекет ҳаққында, оның абыройын түсириўге, абыройсызландырыўға алып келетуғын, бийкар етилген, тийкарсыз мағлыўматларды тарқатыў, халық тарийхы, мәдений ҳәм руўхый қәдириятларын бузып көрсетиў. Жәмийеттиң ҳуқықый ҳәм мәдений тийкарларын пуқаралық, мийнетлер аралық ҳәм конфессиялар аралық бирликти, татыўлықты, бузыўға қаратылған мақсетли сыртқы ҳәрекетлерди күшейтиўи;
- Уйымласқан жынаятшылық, халықлардың терроризм, экстремизм, айырмашылық, ғалаба қырғын қуралының тарқатылыўы экологиялық машқалалар (мысалы Арал теңизиниң қурыўы ҳәм т.б.) тәбиййй ҳәм техноген характерине ийе ҳәдийселердиң жүзеге келиўи.

## Жәмийетшилик пикири ҳәм информациялық-психология қәўипсизлигин тәмийинлеў мәселелери

Жәмийетшилик пикири ҳәм информация қәўипсизлигин тәмийинлеў мәселеси бүгинги күнде айрықша зәрүр әҳмийетке ийе болып атыр. Информация қәўипсизлигин нәтийжели тәмийнлеў болса, жәмәәтшилик пикири фономенди терең аңлаўды талап етеди. Жәмәәтлик пикирин үйрениў талабы болса, бир тәрептен мәмлекет ҳәм жәмийет

системаларының демократия принциплерине қаншелли тийкарланыўына, екинши тәрептен болса, бар болған эмпирик дереклерди илимий аналитикалық додалаў, теориялық жақтан қайта ислеў, синтезлеў ҳалатларына тығыз байланыслы ҳалда қәлиплеседи.

Әне, сол еки тәреплерден бири болмаса жәмәәтшилик пикирин үйрениў ҳәм оны демократиялық услубта қәлиплестириў нәтийжели болмайды. Жәмийетшилик пикири жәмийетлик санадан ҳәм системаның директив көзқарасларынан, яки инсан пикир-қарасларынан парық қылады. Жәмийетшилик пикири жәмийетлик сананың өнимли, жәмийетте түрли адамлардың пикир-қараслары, мүнәсибетлердиң реал ҳәм улыўмалық көриниси саналады.

Жәмийетшилик пикири жәмийетшилик-сиясий жағдай, турмыс тәризи экономикалық өзгерислер туўрысында, улыўма яки бир неше түрли мүнәсибетлерге, жағдайлардың келип шығыў себеплери, ҳәрекетлендириўши күшлер машқаланың шешилиўине қәўип салып атырған усыллар туўрысында болса, улыўма қарама-қарсы ҳәм де өзгериўишең қарасларға ийе болады. Жәмәәтшилик пикириниң тез өзгериўшең тәбияты оның жәмийетлик сананың актив бөлеги екенлигин характерлейди.

Бүгинги күни, жәмийетшилик пикириниң өзгериўшеңлик тәбиятына тәсир өткизиў оны орта дәрежеде услап тура алыў ҳәм де мақсет пенен қәлиплестириў мәмлекет, жәмийет қәўипсизлиги ҳәм тынышлығын тәмийинлеў кепиллиги саналады. Мәмлекетте әмелге асырылып атырған барлық реформалар, жәмийетлик өзгерислер жаңаланыўлар процесси жәмийетшилик пикиринде қәлиплеседи. Сол себепли, жәмийетлик пикирин хаотик тийкарда интерцион тәризде қәлиплесиўине жол қойыў күтилмеген нәтийжелерге алып келиўи мүмкин. Тарийхта кеңес ҳүкиметиниң соңғы лидерлери тәрепинен әмелге асырмақшы болған қатар

жобалар жәмийетлик өзгерислер реформасының кризиске жол тутқанлығы пикиримиздиң дәлили бола алады. (Мәселен: қайта қурыў дәстүрин әмелге асырыў арқалы ески сиясий дүзим тийкарларын беккемлеўге урыныў, Сибирь дәрьяларын бурыў, алькоголизмге қарсы гүрес ҳәрекетлери ҳәм т.б.). Сол ушын да реформаларды әмелге асырыў процесслерин жәмийетшилик пикиринде қандай көринисте болып атырғанлығы, оны қандай қәлиплестириў, халықты жанландырыўлар руўхында тәрбиялаў ҳәм ең зәрүр тәреплерден бири болған информация қәўипсизлигин тәмийнлеў мәселелери журтбасшымыздың дыққат итибарында болып киятырғанлығы тегиннен емес.

Жақын өтмишимизден мәлим, кеңес дәўиринде жәмәәтшилик пикирине ҳеш қандай орын қалдырмайтуғын директив көрсетпелери, арнаўлы сиясий-теориялық бағдарлар арқалы үзликсиз рәўиште тәсир өткизилип келинди. Буның ушын болса, өзине тән басқышлы тәсир услубы әмелге асырылар еди. Биринши басқышта вертикал тәсир услубы, яғный ең жоқарыдан ең төмен буўынларына шекем мәмлекет тәрепинен режелестирилген ҳүкимран пикирлери системалы тәртиплерде қурамалы-дәстүрлер тийкарында әмелге асырылса, екинши басқышта горизонтал тәсир услублары иске түсирилип, ислеп шығарыў кәрханалары, тәлим системасы мекемелери, жәмәәт шөлкемлеринде **"буйыртпа"** қылынған сиясий пикир айрықша жәмийетлик қатламлар санасына бәрқулла сиңдирилер еди. Әне, сол механизмди ҳәрекетке келтириў ушын болса, мәмлекет системасы орайласқан партия ҳәм түрли шөлкем топарлары нықабы астында ҳәмме ўақыт хызмет жүритип келген. Сиясий ҳәм руўхый жақтан директив көрсетпелер тәсири астында болған халық өз характеринде тәбиийий рәўиште жалпы қорғаў стандартларын қәлиплестирген еди. Бүгинги күни, әне, сол услубта, яғный жәмәәтшилик пикирине режели тәризде туўрыдан-туўры тәсир өткизиў әмелияты Қытай,

Арқа Корея, Куба, Ирак сыяқлы мәмлекетлерде сақланып турыпты. Лекин, раўажланған Батыс ҳәм Шығыс мәмлекетлеринде жәмәәтшилик пикириниң услублары кең қолланылып келмекте, бул услуб демократия принциплерине тийкарланған болып, әсиресе ҒХҚ реклама, рәсмий емес лидерлер тәсири, шоу- дәстүрлер ҳәм басқа усыллар қуралында әмелге асырылады. Пуқаралық жәмийетте инсанның өз билимлерин жүзеге шығарыў ҳәм де өзин-өзи қорғаў талабы ушын тәбиййй рәўиште оның жәмийетлик-сиясий топарларға ағза болыўы талап етиледи. Бул болса, инсанға өзи ағза болған жәмийет, партия арқалы сыртқы ўақыялыққа жәмийетлик тәсир етиў имканиятын жүзеге келтиреди.

Раўажланған мәмлекетлерде жәмәәтшилик пикирин қәлиплестириўдиң улыўма (ҒХҚ телевидение, реклама, шоу-дәстүрлер ҳәм горизонтал жәмәәт шөлкемлери, шаңарақ, рәсмий емес лидерлер, кәрханалар, партиялар) бағдарлары ҳәрекет қылып келеди. Соны да айтып өтиў керек, ҳәзирги ўақытта информация қәўипсизлигин тәмийинлеў нықабы астында информация гүресин глобалластырыўға умтылыўдан ибарат ҳәр қыйлы ҳәрекетлерде ҳәўиж алмақта. Мәселен, жәмәәтшилик пикирин басқарыў деп аталыўшы система арқалы Америка Қурама Штатларында жәмәәтшилик пикирин арнаўлы қәлиплестириў бойынша 200 мыңнан көбирек адам хызмет жүритип келмекте. Бир АҚШ ўәзирлиги хызметин бақлаў бойынша 15.000 қәниге ислейди. Және сондай система Англия, Франция, Италияда бар болып, бул мәмлекетлерде берилип атырған информациялардың тәсири, олардың халықларының түрли қатламлары арасында улыўмаласып жәмлесиў көлемлерин үйрениўге тийкарланған социолог-психолог штатлары әмел қылып келеди. Мысал ушын, Рено заводының Париждеги илимий жобаластырыў ҳәм моделлестириў орайында (орайда 2,5 мың адам хызмет жүритеди) 35 адамнан ибарат социолог ҳәм психологлар топары ҳәмме ўақыт ис алып

барады. Соған уқсас мысалларды басқа көплеген ири мәмлекетлер информациясы индустриясы ис тәжирийбеси арқалы да көрсетиў мүмкин.

Информация интервенциясының бүгинги әҳмийети тоталитар дүзим дәўириндеги мәмлекет ҳәм ҳүкимран партияның директив көрсетпелерин халық санасына сиңдириў услубынан парық қылады. Бүгинги күнде информациялар, әсиресе, санаат ҳәм мәдeният, дин, санаат өнимлери тәлим системасы арқалы әмелге асырылмақта. Информация қәўиплерине қарсы гүрес, жәмәәтшилик пикири социология илимин раўажландырыўды талап етеди. Өзбекстанда ғәрезсизлик жылларының басларында-ақ жәмәәтшилик пикирин үйрениў ҳәм сол реал мүтәжликлер тийкарында халықтың руўхый жақтан өзин тиклеў, өзлигин көрсетиў имканиятларын тиклеў барысында зәрүр қәдемлер қойылды. Биринш<u>иден</u>, сол жәмийетлик процессти ҳәм теориялық әмелий үйрениўге тән болған социология тараўының илимий-педагогикалық тийкарлары тапсырылды. Онлап оқыў-услублық әдебиятлар, монографиялар, илимий топламлар баспадан шығарылды. Екинш<u>иден,</u> социология пәниниң илимий теориялық потенциалы арттырылды. Ҳәзирги пайытта  Өзбекстан республикасында үш социология пәнлери докторы ҳәм алты пән аты хызмет жүритпекте. Үшинш<u>иден</u>, жәмийеттиң түрли қатламлары арасында жәмәәтшилик пикирди үйрениўге тийкарланған профессионал мәмлекетлик емес шөлкемлер системасы қәлиплести. Бир ғана «жәмийетлик пикир» жәмәәтшилик пикирин үйрениў орайында өткен бес жыл даўамында 103 арнаўлы социологиялық сораўлар өткерилип, 130 мыңнан зыятырақ адам изертлеўге жиберилди. Егер мәмлекетимиздиң онлап социологиялық орайлар, шөлкемлердиң ғәрезсиз рәўиште өткериўши сораўларына халық саны шамалап айтылса, бул сан бир неше жүз мыңнан асып кетеди. Өзбекстанда информация қәўипсизлигин тәмийинлеў жағдайын улыўма баҳалайтуғын болсақ, бул процесс бүгинги күнде өзиниң актив қәлиплесиў

басқышында екенлигине ықрар боламыз.

*СОРАЎ: Хош, қәлиплесиў басқышынан өтиў жағдайында қандай сораўларға социология пәни өз итибарын қаратыўы лазым?*

***Биринщиден,*** информация қәўипсизлигин тәмийинлеў ислериниң тәртипли жағдайда екенлиги, социологиялық изертлеў енгизиў ислериниң информацияға болған жәмийетлик талаплары негизинде анықланған пикирлер жуўмақлары тийимли мәмлекетлик ҳәм мәмлекетлик емес шөлкемлердиң әмелий ҳәрекет дәстүрлерине дағаза етилмейди. ***Екинщиден,*** изертлеўдиң жетерли профессионал билим ҳәм тәжирийбеге ийе болмастан өткериўдиң күнделикли ҳалатқа айланғанлығы қурамалы машқалалардан саналады. Мысал ушын, мәмлекеттеги жәмәәтшилик пикирин үйрениўге қаратылған «жәмәәтшилик пикири» орайынан басқа бир социаллық изертлеў өткериўши шөлкемде социология пәни бойынша тийкарланған қәниге социолог-алымлар ислемейди. ***Үшинщиден,*** өткерилген сораў нәтийжелери түрли информация қураллары, радио ҳәм телевидение арқалы халыққа жеткерилместен ғалабаласпай келмекте. Буның ақыбетинде болса, жәмәәтшилик пикирин үйрениў иси жәмәәтшилик пикирин қәлиплестириўден ибарат тийкарғы мақсетке хызмет қылмай келмекте.

Президентимиз И.А.Каримов жәмәәтшилик пикири усылына жоқары итибар қаратып, бул тараўдың пуқаралық жәмийет тиклеў ҳәм жәмийетти еркинлестириў туўралы да үлкен имканиятлары барлығын бир неше мәртебе қайталағанлары бийкарға емес. Әсиресе, жәмәәтшилик пикирин белгили бир мақсет пенен қәлиплесиўи, халықтың түрли қатламлары санасын жаңа идеялар руўхында тәрбиялаўға ҳәрекет етиўи, әдеп-икрамлылық принциплерин жоқары дәрежеге көтериўге пәт енгизиўи бийкардан-бийкарға емес, әлбетте. Жәмәәтшилик пикири мәселесинде өз пикирлерин илгери сүрген проф. С.Туўраев бул мәселениң зәрүрлигин

тийкарлап береди[1] ҳәм ол «Жәмәәтшилик пикирин үйрениўди мәмлекетлик дәрежеге көтериў» сиясатын илгери сүреди. Бизиңше, бундай жантасыў бираз бәсекили саналады. Себеби, әшкаралық ҳәм демократия шараятында жәмәәтшилик пикирин үйрениўди тек мәмлекет жуўапкершилиги шеңберине көширилиўи бул процесстиң еркинлигин бөлиўи мүмкин. Сол орында, мәмлекеттиң орны қандай болады, деген сораў туўылыўы тәбиийий. Мәмлекет әшкаралық ҳәм демократия шараятында пуқаралық жәмийет еркинлигин тәмийинлеў кепиллиги сыпатында пайда болды. Бул процесслерде мәмлекет қатнасы тек ҳуқықый, техникалық, материаллық шараятларды тәмийинлеўге көмеклесиў менен шегараланады. Жәмәәтшилик пикирин үйрениў ислерин болса, мәмлекетлик емес жәмәәт шөлкемлери, партиялар, илимий шөлкемлер, социологиялық орайлар туўрыдан-туўры әмелге асырып барады. Хош, бүгинги күнде мәмлекетимизде жәмәәтшилик пикирди қәлиплестириў, информация қәўипсизлигин тәмийинлеў барысында қандай потенциалларымыз бар? Ҳәзирги күнде республикамызда 607 газета ҳәм 157 журнал дизимге алынған. Пайтахтымызда 5 телеканал 30 дан артық редакция арқалы көрсетиўлер таярланбақта. Ўәлаятларда 10 телестудия хызмет алып барады. Буннан тысқары мәмлекеттиң пүтин аймақлары радио толқынлары менен орап алынған. Елимизде 37 радио өнимлерин тарқатыўшы орайлар күни-түни жумыс алып бармақта. Өзбекстанда орта ҳәм орта арнаўлы тәлим системасында 300 мыңнан артығырақ оқытыўшы-педагоглар, 300 мыңнан зыят инженерлер ҳәм де жоқары мағлыўматлы аўыл-хожалық қәнигелеринен ибарат зыялылар аренасы бар. Сондай-ақ мәмлекетимизде 12 мың адамнан ибарат жоқары ҳәм орта арнаўлы мағлыўматқа ийе болған мәдений-ағартыў тараўы хызметкерлери хызмет

[1] Проф. С.Туўраев. Жәмәәтшилик пикирин үйрениўди мәмлекет дәрежесин көтериў. «Халқ сўзи», 2002. 19-октябрь).

жүритпекте.

Президентимиздиң «Тафаккур» журналының бас редакторына берген интервьюинде ҳәм де «Камалот» жаслар жәмийетлик ҳәрекети мәжлисинде сөйлеген сөзинде ҳәм басқа шығыўларында жас әўлад тәрбиясында да сабыр, жаңалыққа умтылыў, ғайраткерлик сыяқлы пазыйлетлерди қәлиплестириў ҳаққында көп тоқталған еди. Бул болса, миллет дәстүри қурамында ғәрезсизлик индивидул раўажланыўына ерисе билиў қәсийетлерин раўажландырыўды тәбийий рәўиште талап етеди. Информация қәўипсизлигин тәмийинлеў, идеологиялық тәсирден узақ болыў мәселесинде, хызмет дәстүрлерин ислеп шығыў ҳәм дағазалаў зәрүрлигин күн тәртибине қояды.

Улыўма алғанда, мәмлекетимиз Президенти халқымызды азат ҳәм абад жәмийет қурыў ислерине сабырлылық пенен кирисиўге ийтермелеп атыр. Буның ушын болса, көп ғана мәселелердиң шешими өзимизге байланыслы екенлигин терең аңлаўымыз, жең түринип, ғайрат пенен иске кирисиўимиз керек.

## Өзбекстан ғалаба қураллары ҳәм жәмийеттиң информациялық -психология қәўипсизлигин тәмийинлеў

Бүгинги күнде жоқары информация технологиялары, әсиресе Интернет глобаллық жақтан жаңадан-жаңа жағдайларды жүзеге келтирмекте. Журналистика инсанлар, жәмийет ҳәм мәмлекет арасындағы сыпаты жағынан жаңа мүнәсийбетлердиң келип шығыўына күшли тәсир көрсетпекте. Ҳәзир ҳақыйқаттан да жер жүзиниң халықлары бирден-бир жәмәәт дәрежесине келип қалды. Санааатластырылған жәмийет орнын информацияласқан жәмийет ийелемекте. Соған бола ғалаба коммуникация ҳәм информацияның әҳмийети күшли дәрежеде асып кетти.

Компьютер, оператив телефон, Интернет миллионлаған инсанлардың турмысына кирип барды. Байланыстың бундай қуралы тек журналистлердиң ҳәрқашанғыдай жолдасы болып қоймастан, оның өз мийнетинде күнделикли пайдаланатуғын тийкарғы қуралы, сондай-ақ мәсләҳәтшиси, китапханасы, улыўма дүньядағы билимлерди өзине жәмлеген электрон энциклопедиясына айланды. Ҳәзирги ўақытта компьютер ҳәм оператив телефон байланысы журналистикаға, ол қай жерде болмасын (ҳәттеки адамсыз атаўға түсип қалсада) санаўлы минутларда өз материалларын газета-журналлардың басылып атырған санына жеткериў, егер радио яки телевидение ҳаққында сөз баратуғын болса, туўрыдан-туўры онда шығыў, Интернет арқалы болса дүнья бойлап тарқалғанша пайдаланыўшыларға әмелиятта информацияны жеткерип бериў имканиятын береди. Ҳақыйқатында да, жоқары технологияларды жәмийетшиликке ҳәм экологиялық турмысқа усыныў көринислери (мине, усы көрсеткиш шешиўши көрсеткиш есапланады) жүдә асып кетти. Жаңа информациялық технологиялар журналистикаға бир қатар сыпатлы өзгерислерди алып келди. Ол барған сайын көбирек миллетлер аралық ҳәдийсе қәсийетине ийе болмақта. Екинши тәрепинен, журналисттиң имканиятларыда сезилерли дәрежеде аспақта. Соныда айтып өтиў керек, жоқары технологиялар оны түп мәнисинде еркинлетип қойды.

Егер алдынлары қандайда бир редакцияның әдебий хызметкери өзиниң аудиториясына мүрәжет қылыў ушын ўақты, ғалаба қурал каналының техникалық имканиятлары, әсиресе, баслықлар менен есапласыўы керек болған болса, бүгинге келип, ол белгили ислеп шығарыў бөлимлерин шетлеп өтип бул жумысты әмелге асырыўы мүмкин, егер алдынлары адамлар өз мүтәжликлерин өзлерине мүрәжет етип атырған канал еситтириўи яки көрсетиўи менен шеклеўге мәжбүр болған болса, бүгинге келип олар өзлериниң қәлегени менен керекли бағдарламаларын

дүзиўи мүмкин. Солай етип, жаңа информация технологиялары тек журналистлерге ғана емес, сонын менен бирге пүткил аудиторияға да еркинлик жаратады.

Усы қатнас пенен ғалаба байланыслары теориясы бөлими бойынша белгили Американы алым Уолтер Лимпанның гәплерин еслеў орынлы: «Сиз материал жазып атырған екенсиз, бул ўақытта өз еркиңиз өзиңизде, оны маған тапсырыўыңыз бенен-ақ, сизиң еркинлигиңиз де шешимин табады ҳәм соның еркинлиги басланады. Енди қолзабаның тәғдирин мен де шешемен. Қәлесем дағазалайман, қәлесем тасланды орнына таслап жиберемен». Бул сөзлер 1922-жыллары айтылған еди. Усы сөзлери менен ол, сол дәўир журналисти еркинлигиниң көринисин сызып берген еди. Әлбетте, журналисттиң басқа шарасы жоқ емес еди, ол өз материлалларын басқа редакцияға, басқа адамларға бере алатуғын еди. Лекин, ҳәр қандай жағдайда да журналист жоқары шахс көз-қарасы ҳәм абырайға ийе еди. Ҳәзирге келип бундай бағыныўшылық әстелик пенен жоғалмақта. Жаңа технологиялар журналист пенен редакция имканиятларын теңлестирмекте. Соның ушын оларға кәсиплес сыпатында қараў лазым болады. Буннан тысқары бүгинги күндеги журналистиканың раўажланыўы дәрежеси киши газеталар яки аўыллық радио ҳәмде телевидение дөретиўши хызметкерлериниң имканиятларын, оның миллий ғалаба хабар имканиятлары менен әмелиятта теңлестирип қойды. Әне, усы ҳәм айырым басқа жағдайлар журналист ҳәм журналистиканың жәмийеттеги орны ҳәм әҳмийетин қайтадан ойлаў кереклигин билдирмекте. Ҳәзирги ўақытта журналистика инсаният раўажланыўы ушын әмелге асырылыўы лазым болған ўазыйпаларды орынлаўда өз имканиятларын жәнеде анығырақ көрсетеди.

Социологлардың изертлеўинше жәмийетлик, экономикалық мағлыўматлар қанша көп топланса жәмийеттиң экономикалық, сиясий

жәмийетлик раўажланыўы соншелли тезлеседи. Журналистика сондай мағлыўматларды жыйнаў, ислеп шығыў, тәртиплестириў ҳәм анализлеў менен шуғылланады, буннан сондай шешим келип шығады: журналистиканың сыпаты қанша жоқары болса, ол өзине жүклетилген ўазыйпаны толық дәрежеде жуўмақласа, жәмийеттиң раўажланыўы нәтийжели ҳәм жоқары даўам етеди, мәмлекет институтлары ҳәм ҳүкимет системаларының басқарыўы, жәмийетлик раўажланыў еркинликлерин болжаўы толық болады ҳәм бундай режелерди ақыллық пенен ислеп шығады. Және бир нәрсе, итибарлысы ҳәзирги ўақытта дүнья көлеминде түрли бағдардағы газета ҳәм журналлар муғдары сезилерли дәрежеде көбейди. Дәстүрий күнделикли баспасөз бенен бир қатарда On-lain журналистикасы да пайда болды ҳәм нәтийжели хызмет көрсетпекте. Раўажланған мәмлекетлерде ҳәзирден-ақ жүзлеп газета ҳәм журналлар бар, олар жәмийетшилик пикирин жүзеге келтириў барысында сезилерли дәрежеде тәсир өткизбекте. Бул бағдар буннан былайда түптен күшейип барады «Майкрософт» тың ойлап табыўшысы Билл Гейтс: *«Жақын күнлерде ҳәр бир Адам компьютерли болады ҳәм Интернетке кире алады, усы техниканы сатып алыў сабақлықты сатып алыўдан көре пайдалырақ болады ҳәм арзанға түседи»*- деген еди.

Аудиториялық машқала бойынша барлық пикирлер ҳәм баспалар жыйнағын қолға киритиў имканияты заманның талабы болып қалады. Соның ушын ким шаққан ислесе, ол ҳәдийселерди бақлай алатуғын ҳәм оны бағдарлаўшы болады. Егер қайсыдур кәсип ғалаба хабар қуралы бақлаўынан шетте қалса, белгили бослықты түрли мыш-мышлар, өсеклер, өтириклер ҳәм алжастырыўшы пикирлер ийелейди. Бунда ғалабалық қурал каналлары да оларды тарқатыўшылар болыўы да мүмкин. Әмелде бундай «түсиниксизлик»тен шет еллик қарсыласлар пайдаланады ҳәм дәрриў белгили бослықты толтырады. Соның менен бирге айтып өтиў керек,

информация технологиялары турмысымызда кери әҳмийетке ийе болса да, олар накәс шахслар яки топарлар қолына өтип қалыўы мүмкин, ҳәтте бузғыншылық пенен шуғылланыўшы күшлер қолына, мәмлекет дүзилислери де түсип қалады.

Ғәрезсизлигимиз дағаза етилген күннен баслап жәмийетимиз ҳәм мәмлекетимиз баспасөз, радиоеситтириў, теле көрсетиўлердиң раўажланыўына үлкен итибар қаратып келмекте. Егер 1990-жыллар басында республикада 200 күнделикли баспасөз болған болса, бүгинге келип олар 1000 ға жақынын қурайды. Буны төмендеги схемадан анық көриў мүмкин.



1996-жылдан баслап Өзбекстан Интернет тармағына қосылды. 2006-жылға келип улыўма жәҳән торынан пайдаланыўшылар саны бизде 855 мыңға жетти, оператив байланыс абонентлериниң саны болса 1 млн 150 мыңды қурады (Бул көрсеткиш ҳәр жылы өсиўи мүмкин).

Ҳәзирги ўақытта көпшилик ғалаба хабар каналлары интернетте өз бетине ийе. Электрон газеталарда пайда болды. Кысқаша қылып айтқанда, ғалаба хабар қураллардың жәҳән журналистика тараўына кирип барыў бағдары жүз бермекте. Енди болса шет еллик ғалаба хабар қураллар менен бизиң аудиториямыз байланысып ғана қалмай, бәлким шет елдеги аудитория да Интернет арқалы бизиң газета ҳәм журналларымызды оқыўы, радиомызды тыңлаўы, телекөрсетиўимизди тамаша етиўи мүмкин. Басқаша айтқанда, бундай жағдай бизиң жәмийетимизди бир қанша ашық ҳәм анық жәмийетке айландырыўы мүмкин. Шет елдеги мәпдар институтлар ҳәм шөлкемлер енди бизде жүз берип атырған ўақыя ҳәм ҳәдийселерди өзлери баҳалаўы, өзи болжаўларын бериўи, жәмийетимиз раўажлыныўының қандай барыўын белгилеўи мүмкин. Олардың барлығы Өзбекстан республикасының информация каналларына үлкен ўазыйпалар жүклейди. Соны айрықша айтыў керек, бундай ўақытта олар ҳәмийше жақсы мақсетлерди гөзлеп атырған жоқ.

Мәмлекетимиз ғалаба хабар қураллары турмыс тәрзиниң барлық тараўларына терең кирип барыўға умтылады, адамларды тәмийинлендирип атырған, оларды қызықтырып атырған тәреплерин итибардан шетте қалдырмаўға умтылыўы зәрүр. Баспасөз темалары көлемин кеңейтириўи керек. Аудиторияны тек баҳаның көширилиўи, пулдың қәдирсизлениў дәрежеси яки өзбек эстрадасының жарқын жулдызларының турмысына ғана емес, бәлки, бизиң сыясатшыларымыз, жәмәәтшилеримиз ҳәм мәмлекетимиз ғайраткерлеринин қандай жасаў хызметлери ҳәм дем алыўлары қызықтырыў. Бунда олардың аралық берилген яки сайқал

тартылған партретине ғана емес, жүдә болмаса олардың бираз болсада ҳақыйқый көринислерин, нелерге уқыплы екенлиги ҳәм қандай кемшиликлери барлығын көриўди қәлейди, яғный тири инсан сыпатында қандай екенлигин билиўди қәлейди.

Баспасөзимиздиң өзине тән қәсийетлеринен бири, оның бир тәреплилиги бирден-бир (жалғыз) мазмунға ийелиги болып есапланады. Баспасөзимиздиң бүгинги жағдайына баҳа бериўшилер бар екен, олар менен себепсиз байланыста болған ҳәр бир Адам, оның тийкарғы кемшилиги болып, ҳәр бир журналисттиң өз исинде беккем жайласып алған ишки бақлаўшысы бар екенлигин де есапқа алады. Соған бола, яғный журналист әтирапқа қарап, қорқыўды түйип ислейди, өзин асыраўшылық инстинкти ҳәрдайым онын көзқарасынан келип шығып ислеўин айтылады. Буннан қутылыў ушын жәмийет турмысында тек жақсы тәреплерин ғана таўатуғын журналистлер емес, бирақ, қандайда бир қарардың дурыслығы ҳаққында факт көрсете алатуғын журналистти де қутлықлаў, қоллап қуўатлаўы керек. Бәлки, сондай журналистлерди көбирек қуўатлаў лазым ҳәм оны барлық дәрежеден әмелге асырыў пайдадан алыс болмас еди.

Өзбекстан Республикасы Президенти И.А.Каримов Республика Жоқарғы Кеңеси ҳәр еки палатасының 2005-жыл 28-январьда болып өткен қоспа жыйналысындағы өз сөзинде: *«Халқымыз ғалаба хабар қуралларынан мәмлекетимиз ҳәм шет елде болып атырған ўақыялар ҳаққында қалыс ҳәм тез информация алыўды, соның менен бирге, биринши нәўбетте, ҳәкимият органлары ҳәм басқарыў системалары искерлиги ҳаққында сын пикирлерди, өзгерислер ҳәм жаңаланыўлар жасыннан алдын барыўымызға тосық болып турған кемшиликлер, турмыстағы ҳәммеге теңдей машқалалар ҳаққындағы, әшкара, профессионал анализ*

*материалларды күтеди»*[1] –деген еди. Бундай пикир ҳәм исеним жәмийетлик айна есапланған ғалаба хабар қуралларына, онда қалыс хызмет етиўши журналистлерге үлкен жуўапкершилеклер ҳәм ўазыйпалар жүклейди. Өйткени, информацияларды жыйнаў, оны қайта ислеў ҳәм кең жәмийетшиликке таратыў журналистлердиң кәсиплик хызмети болып есапланады.

[1] Каримов И.А. Бизиң бас мақсетимиз жәмийетти демократияластырыў ҳәм жаңалаў, модернизациялаўдан ибарат. «Өзбекстан» баспа сөз үйи 2005. 52-бет

**Әдебиятлар дизими:**


1. Каримов И.А. Миллий истиқлол мафкураси, халқ эътиқоди ва буюк келажакка ишончдир. Т. «Ўзбекистон», 2002. 23-24 Б.

2. Каримов И.А. Бизиң бас мақсетимиз жәмийетти демократияластырыў ҳәм жаңалаў, модернизациялаўдан ибарат. «Ўзбекистон», 2005. 52 Б.

3. Туўраев С. Жәмәәтшилик пикирин үйрениўди мәмлекет дәрежесине көтериў. «Халқ сўзи», 2002. 19-октябрь.

4. Өзбекстан Республикасы "Оммавий ахборот воситалари тўғрисида" Нызамы. «Халқ сўзи», 1997 ж. 26 декабрь.

5. Өзбекстан Республикасы "Ахборот олиш кафолотлари ва эркинлиги тўғрисида" Нызамы. «Халқ сўзи», 1997 ж. 24-апрель.

6. Өзбекстан Республикасы "Журналистлик фаолиятини ҳимоя қилиш тўғрисида" Нызамы. «Халқ сўзи», 1997 ж. 24-апрель.

7. Өзбекстан Республикасы Президентинин "Тафаккур" журналы хабаршысы менен сәўбетлесиўи. "Ўзбекистон матбуоти" журналы 1998 жыл №5.

8. Ярочкин В.И. "Информационная безопасность" М.,2003.

9. Рихтер.А.Г. «Правовые основы журналистики" Хрестоматия. Институт проблем информационного права. М.,2004.

10. Винокурсова Г.В., Рихтер А.Г., Чернышова В.В. «Законодательство о СМИ стран бывшего СССР» Институт проблем информационного права. М., 2002 том 1.

11. Монро Э.Прайс. «Масс-медиа и государствееной суверенитет» Институт проблем информационного права М.,2004.

# М А З М У Н Ы


1. Кирисиў. Информация ҳәм информациялық- психология қәўипсизлиги түсиниги…………......………………………………3-8-бетлер

2. Жәмийеттиң раўажланыўы ҳәм информация …...……..8-11-бетлер

3. Информациялық-психология қәўипсизлигин тәмийинлеўдиң ўазыйпалары, тийкарғы бағдарлары ҳәм усыллары…...……...11-16-бетлер

4. Шахс, жәмийет ҳәм мәмлекеттиң информациялық-психология қәўипсизлигине қәўиплердиң көринислери, дереклери ҳәм олардың түрлери...........................................................................................16-26-бетлер

5. Информация гүреси ҳәм ғалаба хабар қураллары……...26-33-бетлер

6. Информация тараўында миллий, қәўипсизликти тәмийинлеў системасының компонентлери ҳәм мазмуны………………...…33-40-бетлер

7. Информация урысы: мақсетлери, қураллары, түрлери, тийкарғы жоллары…………………………………………………………40-46-бетлер

8. Жәмийетшилик пикири ҳәм информациялық-психология қәўипсизлигин тәмийинлеў мәселеси…..………………………….46-53-бетлер

9. Өзбекстан ғалаба қураллары ҳәм жәмийеттиң информациялық-психология қәўипсизлигин тәмийинлеў………….……………..53-60-бетлер

10. Әдебиятлар дизими………………………………………...…. 61-бет

11. Мазмуны……………………………………………………..… 62-бет

**ЖУМАМУРАТОВА МАЛИКА ТИЛЕУБЕРГЕНОВНА**

**ОРАЗЫМБЕТОВА ЗЛИХА ҚЫДЫРБАЕВНА**

# АШЫҚ ХАБАР СИСТЕМАЛАРЫНДА ИНФОРМАЦИЯЛЫҚ-ПСИХОЛОГИЯ ҚӘЎИПСИЗЛИГИ

методикалық қолланба

Босишга 19.01.2009 йилда рухсат этилди. Қағоз бичими 60х84 1/16.
Шартли 4 босма табақ.Буюртма 03. Ҳажми 4 б.т. Нусха – 100 та

Мирзо Улуғбек номидаги Ўзбекистон Миллий университети
босмахонасида чоп этилди.